O’zbekstan  Respublikası  Xaliq bilimlendiriw ministrligi
No’kis  ma’mleketlik  pedagogikalıq  institutı

Mektepke shekemgi ha’m baslawish ta’lim fakulteti
Mektepke shekemgi  ta’lim  kafedrası

**Jaksimova Gulmira Tolibay qizi**

«Mektepke shekemgi ta’lim»
ta’lim bag’darinin’ 4-kurs talabası

# *PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI*

## Tema: Balalardi  ha’r  ta’repleme rawajlandiriwda xaliq pedagogikasinin’ o’zine  ta’n  a’hmiyeti

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekani: | dotsent U. Seytjanova |
| İlimiy basshı: | dots. G.X.Jumasheva |
| Kafedra baslıg’ı: | ps.i.k. Q.Tleumbetova |

NO’KİS  -  2016

**Qorg'awg'a ruxsat etildi:**

Fakul`tet dekani: dotsent U. Seytjanova

Kafedra baslig`i: ps.i.k. Q.Tleumbetova

Ilimiy basshi: dotsent G.X.Jumasheva

Pitkeriwshi Jaksimova Gulmiranin' «Balalardi ha'r ta'repleme rawajlandiriwda xaliq pedagogikasinin' o'zine ta'n a'hmiyeti» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisin ko`rip shig`ip, ma`mleketlik attestatsiya komissiyasinin`

**Qarari:**

Pitkeriwshi Jaksimova Gulmiranin' «Balalardi ha'r ta'repleme rawajlandiriwda xaliq pedagogikasinin' o'zine ta'n a'hmiyeti» temasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumisina «_____» ball qoyilsin.

MAK baslig`i: dotsent P.Abdimuratov

MAK ag`zalari: ps.i.k. Q.Tleumbetova

_______________________

_______________________

_______________________

_______________________

**Balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq pedagogikasinin’ o’zine ta’n a’hmiyeti**

## Mazmuni

Kirisiw ........................................................................................................ 4

I bap. Xaliq pedagogikasi - balalar ta’rbiyasinda biybaha bayliq .................. 8

1.1. Xaliq awizeki do’retpeleri ha’m olar tiykarinda balalardi ta’rbiyalawdin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri ......................................................... 8

1.2. Ertedegi xaliq pedagogikasinda balalarda joqari adamgershilikli paziyletlerdi ta’rbiyalaw ma’seleleri .......................................................... 19

I-bap boyinsha juwmaq .............................................................................. 25

II-bap. Balalalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq awizeki do’retpelerinen paydalaniw ................................................................. 27

2.1. Xaliq awizeki do’retpeleri ha’m olar tiykarinda balalardi ta’rbiyalawdin’ a’hmiyeti ........................................................................................ 27

2.2. Balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda a’dep ikramliliq qa’siyetlerdi ta’rbiyalaw jollari ...................................................................................... 41

II-bap boyinsha juwmaq ................................................................... 49

Juwmaqlaw ...................................................................................... 51

Paydalanilg’an a’debiyatlar ............................................................. 54

Qosimsha ........................................................................................ 56

# Kirisiw

**Ilim izertlew jumisinin' aktuallig'i:** Ha'zirgi ku'nde o'tmishtegi ko'p a'sirler dawaminda ta'lim-ta'rbiya tarawinda arttirilg'an bay, do'retiiwshilik ta'jiriybesin o'zlestiriw tiykarinda keleshegimiz bolg'an jas a'wladti ma'mleketimizdin' rawajlaniwi jolinda alip barilip atirg'an uliwmaxaliqliq iske jedel qatnasatug'in etip ta'rbiyalap jetilistiriwge ayriqsha itibar berilmekte. O'zbekistan Respublikasi g'a'rezsizlikke erisken ku'nnen baslap o'tken waqit ishinde xalqimizdin' siyasiy, ja'miyetlik, ekonomikaliq ha'm ma'deniy-ag'artiwshiliq tarawlarinda u'lken tabislarg'a eristi.

Adamzat ja'miyeti payda bolg'an erte da'wirlerden baslap xalqimiz o'zinin' keleshek a'wladi bolg'an keleshek a'wladlardi ha'r ta'repleme rawajlang'an aqilli ha'm ata-analarina miyrimli, a'dep ikramli mu'na'sebette boliwg'a ta'rbilawg'a ayriqsha itibar berip kelgen. Ertedegi tu'rkiy xaliqlarda balalardi aqilli ha'm a'dep ikramli etip ta'rbiyalawda bu'gingi ku'ndegi a'wladlarg'a biybaha miyrasinin' tiykarlarin qaldirip, oni daqam etiwdi ju'klegen.

Ertedegi tu'rk xaliqlarinin' xaliq pedagogikasinda o'z sa'wleleniwin tapqan ta'rbiya mashqalasi respublikamizda ha'r ta'repleme barkamal a'wladti ta'rbiyalawdin' tiykarg'i waziypalarinin' biri. Usig'an baylanisli Prezidentimizdin' I.A.Karimov usi 2016-jildi "Salamat ana ha'm bala" jili dep belgilewi bizin' pitkeriw qa'nigelik jumisimizdin' tiykari bola aladi dep oylaymiz. Sebebi ha'r qanday salamat ana ha'm bala ta'rbiyasi a'lbette bizin' neshshe zamanlardan bizlerge jetip kelgen xaliqimizdin' biybaha xaliq pedagogikasina tiykarlanadi, ol arqali balalarimiz ha'r ta'repleme garmonikaliq rawajlang'an jetik insan bolip qa'liplesedi.

A'dep ikramliliq ta'rbiyasi bala shaxsinin' o'zgeshelikleri ha'm paziyletlerin rawajlandiriwdin' xaliq pedagogikasinin' tiykarlarina iye bolg'an qu'diretli usili sipatinda xaliq awizeki a'debiyatinda Maxmud Qashg'ariy, Yusuf Xas Xajibtey alimlardin' do'retpelerinde o'zinin' sa'wleleniwin tapti.

O’zbekstan Prezidenti I.A.Karimov o’zinin’ shig’ip so’ylegen so’zlerinde qayta-qayta aytip o’tkenindey xaliq pedagogikasi u’lgileri tiykarinda balalardi ha’r ta’repleme jetik insan sipatinda ta’rbiyalaw ma’mleket siyasatina aylandi. «Kadrlar tayarlawdin’ milliy da’stu’ri», «Bilimlendiriw haqqinda» g’i Nizamda mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemelerinde balalardi xaliq pedagogikasinin’ biybaha miyraslari tiykarinda ta’rbiyalaw ushin za’ru’rli sharayatlardi jaratip beriw waziypasin bas maqset etip qoydi.

**Ilim izertlew jumisinin’ maqseti:**

Mektepke shekemgi ta’lim ma’kemelerinde balalarg’a xaliq pedagogikasi materiallari tiykarinda a’dep-ikramliliq ta’rbiya beriwdin’ pedagogik sistemasin qa’liplestiriw, xaliq pedagogikasinin’ ta’jiriybelerin ken’ en jandiriw.

**Izertlew jumisinin’ ob`ekti:** Balalar baqshasinda sabaqlarda ha’m sabaqtan tis waqitlarda xaliq pedagogikasi materiallarina tiykarlanip a’dep-ikramliliq ta’rbiya beriw protsessi.

**Izertlew jumisinin’ predmeti:**

Balalarg’a a’dep-ikramgigiq ta’rbiya beriwde ha’m olardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq pedagogikasinin’ ruwxiy bayliqlarinan paydalaniwdin’ pedagogikaliq sistemasi.

Izertlewdin’ maqseti, predmeti ha’m ob`ekti to’mendegi **waziypalardi** belgilewge sebep boldi:

1. Psixologiyaliq-pedagogikaliq protsess sipatinda xaliq awizeki do’retpeleri ha’m olar tiykarinda balalardi ha’r ta’repleme rawajlang’an insan etip ta’rbiyalawdin’ mazmunin aniqlaw.

2. Mektepke shekemgi ta’lim ma’kemelerinde balalardi xaliq pedagogikasi ta’jiriybeleri tiykarinda a’dep-ikramliliq jaqtan ta’rbiyalawdin’ psixologiyaliq aspektleri ha’m pedagogikaliq tiykarlarin u’yreniw.

3. Balalalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq awizeki do’retpelerinen paydalaniwdin’ metodlari ha’m formalarin islep shig’iw.

4. Ha’zirgi ku’nde ta’lim-ta’rbiya protsessinde xaliq awizeki do’retpelerin ha’r ta’repleme u’yreniw, onin’ ta’rbiyaliq a’hmiyetin tu’sindiriw.

5. Xaliq awizeki do’retpeleri ha’m olar tiykarinda balalardi ta’rbiyalawdin’ mazmunin tallaw ha’m ta’rbiyaliq xarakterin aship beriw.

**Izertlew isinde qollanilg’an tiykarg’i usillar:**

Respublikamizda ruwxiyliq ag’artiwshiliq islerin jolg’a qoyiwg’a qaratilg’an Wa’zirler Ken’esinin’ qararlari ha’m hu’jjetlerin u’yreniw, ta’rbiya teoriyasi ha’m a’meliyati tariyxina tiyisli a’debiyatlardi u’yreniw ha’m analiz etiw, uliwmalastiriw, sawal-juwap, gu’rrin’ o’tkeriw, milliy maqalalar menen tanisiw, u’yreniw.

**Izertlew jumisinin’ jan’alig’i**:

Balalalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq pedagogikasi arqali a’dep-ikramliliq ta’rbiya beriw mashqalalarin u’yreniwge jan’asha milliy jaqtan baha berildi, balalardin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasi da’rejesi baqlanildi, mazmuni belgilendi, balalardin’ biliwi za’ru’r bolg’an materiallar tiykarinda pedogogiqaliq metodlar aniqlandi.

**Izertlew jumisinin’ ilimiy a’hmiyeti:**

Izertlew isinin’ na’tiyjeleri balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq pedogogikasinin’ miyras etip qaldirg’an biybaha ta’jiriybeleri tiykarinda balalardin’ o’zin qorshag’an ortaliqqa a’dep-ikramli qatinaslardi ta’rbiyalawda qollaniw mu’mkin.

**Izertlew jumisinin’ a’meliy a’hmiyeti:** Jumis a’meliy a’hmiyetke iye. Jumistin’ ob`ekti bolg’an materiallar balalar baqshalarinda a’meliy sabaqlardi alip bariwda o’zinin’ ja’rdemin tiygiziwi so’zsiz.

**Izertlewdin’ metodologiyaliq tiykari ha’m teoriyaliq bahasi.**

O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi Konstitutsiyasi ha’m “Bilimlendiriw haqqin”dag’i Nizami, Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri, O’zbekistan Respublikasi Prezidenti I.Karimovtin’ xaliqtin’ tariyxi, ruwxiy ag’artiwshiliq miyraslarin u’yreniwge ha’m ta’lim-ta’rbiya tarawina, milliy

ideya ha’m ideologiyag’a baylanisli shig’armalari, sonday-aq xaliq awizeki do’retpelerinin’ XX tomlig’i, temag’a baylanisli alimlarimizdin’ filosofiyaliq, psixologiyaliq ha’m pedagogikaliq ilimiy miynetleri.

**Izertlew jumisinin’ ilim – izertlew metodlari:**

- Ilimiy a’debiyatlardi u’yreniw, olardi analiz etiw ha’m uliwmalastiriw;
- Baqlaw metodi;
- Gu’rrin’lesiw ha’m eksperiment metodlari.

**Izertlew jumisinin’ du’zilisi:**

Pitkeriw qa’niygelik jumisi eki bap, 4-paragraf, juwmaqlaw, paydalanilg’an a’debiyatlar diziminen ha’m qosimshadan ibarat.

**Pitkeriw qa’nigelik jumisinin’ tiykarg’i mazmuni:**

Qatnas-filosofiyaliq tu’sinik sipatinda belgili bir dizim elementlerinin’ o’z-ara baylanislilig’in ko’rsetedi.

Qatnas tu’sinigi a’dep-ikramliliq ta’rbiyasinin’ quramina kirip, ha’r qanday qatnas a’dep-ikramliliq ta’rbiya tiykarinda payda boladi.

Pitkeriw qa’nigelik jumisi keleshegimiz bolg’an jas a’wladlardi o’z xalqinin’mawtanishi bolg’an xaliq pedagogikasi miyraslari menen tanistiriw tiykarinda usi miyrastin’ balalardi a’dep-ikramli etip ta’rbiyalawdag’i a’hmiyetine qaratilg’an.

## I bap. Xaliq pedagogikasi - balalar ta'rbiyasinda biybaha bayliq

### 1.1. Xaliq awizeki do'retpeleri ha'm olar tiykarinda balalardi ta'rbiyalawdin' o'zine ta'n o'zgeshelikleri

Ta'rbiya-ja'miyetlik ha'diyse. Ol insan ja'miyette payda bolg'an da'wirden baslap aq payda bolg'an. Insan jer ju'zindegi en' quramali zat boliwi ushin a'wele ta'rbiyalaniwi za'ru'r. Abu Lays Samarqandiy «Bustanul-orifin» shig'armasinda ta'rbiya ha'm ta'rbiyalawdin' ma'nisin ta'riyplep: «Ey ul, perzentlerin'di ta'rbiyalawdan aldin o'zin'di ta'rbiyala, ta'rbiya ko'rgen shan'araq tinishliq, jaqsi paziyletli bilimli adam kamalg'a keledi»-degen edi.

Ibn Sina do'retiwshiliginde de bul ideya bo'lek orin tutadi: «Kimge pandu na'siyxat qilsan', og'an a'wel o'zin' a'mel qil», - deydi danishpan. Shig'is oyshilari, danishpantlari barkamal insan jetilistiriw ushin, ta'rbiya sonsheli za'ru'rligin onin' mazmuni ha'm ma'nisin ta'riyplep bergen .

Maxmud Qashqariydin' «Devanu Lug'atit tu'rk», Yusuf Xos Hojibning « Qudatu biling», Axmad Yugnakiydin' «Maxbub-ul-qulub», Ibn Sinonin' «Tadbir-al-manozil», Xusash Voiz Koshifiyning "Axloqi muxsiniy" ha'm basqa shig'armalarinda "perzent ata-ananin' baxti, onin' tuwri ta'rbiyalaniwi bolsa ha'mmenin' baxti" degen uliwmaliq juwmaq shig'ariladi.

O'tmishdegi oyshillar ta'rbiya atamasinin' ma'nisin ta'rbiyalawdin' ma'zmunin ayriqsha bayan etpegen bolsa da, o'z shig'armalarinda ta'rbiyalawdin' ta'replerin bayan etken.

G'a'rezsiz O'zbekistanimizda milliy ideyalogiya jaratilmaqta ha'm bul qayirli is a'lbette jas a'wlad sanasinda milliy maqtanish sezimin payda etiwdi talap etedi. Bug'an erisiw a'wel ta'rbiyag'a baylanisli. Ha'r bir insan a'sirese endi g'ana o'mirge qa'dem qoyg'an ha'r bir ul ha'm qiz ha'r qanday maqsetke erisiwdi a'wele o'zine isenimli qa'demine, g'ayrat ku'shine jumisina degen pida'kerligi ha'm miynet su'yiwshiligine baylanislig'in an'lawi kerek. A'ne usi na'rse ma'mleketimiz ha'm xalqimiz gu'llep jasnawinin' tiykarg'i sha'rti.

Xaliqtin' ma'deniy qa'diriyatlari ruwxiy miyrasi min' jillar dawaminda Shig'is xaliqlari ushin qu'diretli ruwxiyliq negizi bolip xizmet etken

«Uzaq dawam etken qatti ideologiyaliq soqqig'a qaramay O'zbekistan xalqi a'wlatdan-a'wladqa o'tip kelgen o'z tariyxiy ha'm ma'deniy qa'diriyatlarin ha'm de o'zine ta'n da'stu'rlerin saqlap qaliwg'a eristi[1]»,-degen edi Prezident I.A.Karimov. " O'zbekstan XXI a'sir bosag'asinda qa'wipsizlikke taxdid, barqorarlik sha'rtleri ha'm rawajlaniw kepillikleri" shig'armasinda.

A'sirler o'te aman qalip bizge jetip kelgen milliy qa'diriyatlarimiz ruwxiy miyraslarimiz ilim-pa'n sonday-aq pedagogika pa'ni g'a'rezsizlik sharapati menen jan'adan rawajlaniwin tapti. Ha'mmemizge belgili ha'r bir g'a'rezsiz ma'mlekettin' keleshegi pa'n-texnika ilim ag'artiwshiliq rawajlaniwi ha'm jetilisken milliy kadrlardi tayarlap kamalg'a keltiriw menen baylanisli. Sol sebepten g'a'rezsiz ma'mleketimiz ilim pa'n ha'm de ag'artiwshiliq rawajlaniwina bilimli milliy kadrlar jetistiriwge u'lken a'himet bermekte.

«Bilimlendiriw haqqindag'i» Nizamda ta'lim dizimi mektepke shekemgi ta'limnen baslanadi, sonin' ushin mektepke shekemgi ta'lim bilimlendiriw diziminin' fundamenti, al joqari ta'lim ta'jriybeli kadrlar tayarlawdi ta'miynlewi kerekligi aytiladi[2]. «Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'r»inde ta'lim tarawinda tu'pten o'zgeris jasaw, oni o'tmishten qalg'an ideologiyaliq ko'z-qaraslar ha'm qaldiqlardan tolig'i menen joq etiw, rawajlang'an demokratiyaliq ma'mleketler da'rejesinde pa'k ruwxiy ha'm a'dep-ikramliliq talaplarg'a juwap beriwshi joqari ta'jriybeli kadrlar tayarlaw milliy dizimin jaratiwdi, al balalarimizdi bala baqshadan baslap ha'r ta'repleme jetik insan etip ta'rbiyalaw tiykarg'i maqset qilip qoyildi[3].

---

[1] Islam Karimov. O'zbekstan XXI a'sir bosag'asi'nda qa'wipsizlikke taxdid, barqorarlik sha'rtleri ha'm rawajlani'w kepillikleri Tashkent – 1995y.

[2] O`zbekiston Respublikasining «Ta`lim to`g`risida» gi Qonuni. // Barkamol avlod –O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T. Sharq.1997.

[3] O`zbekiston Respublikasining «Ta`lim to`g`risida» gi Qonuni. // Barkamol avlod –O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T. Sharq.1997.

Prezident I.A.Karimov ekinshi shaqiriq O'zbekstan Respublikasi Joqarg'i Ma'jilistin' birinshi sessiyasinda da ruwxiyliq tarawinda a'melge asiriw lazim bolg'an jumislar haqqinda to'mendegilerdi keltirip o'tken.

Bul tarawdag'i en' tiykarg'i waziypamiz milliy qa'diriyatlarimizdin', muqaddes dinimizdin' ruwxiy o'mirimizdegi orni ha'm hu'rmetin tiklew siyaqli g'a'rezsizlik jillarinda baslang'an qayirli islerimizdi izshillik penen dawam ettiriw, olardi jan'a basqishqa ko'teriw ha'm ta'sirshen'ligin ku'sheytiw bolip esaplanadi. Uliwma insaniyat tariyxinda VIII-XV a'sirlerde Shig'ista oyaniw da'wirinde sotsialliq ma'deniy turmista u'lken o'zgerisler ju'z bergen. A'sirese, Amir Temur tiykar salg'an saltanat da'wirinde sotsialliq turmista rawajlaniw ilim-pa'n, ma'deniyat gu'rkirep rawajlang'an. Bul jerde islep do'retiwshilik etken Al-Beruniy, Al-Buxoriy, At-Termiziy, Farobiy, Ibn-Sino, Yusuf Has Hajip, Maxmud Qashqariy, Yassaviy, Naqshbandiy, Ulug'bek, Babur siyaqli ulli insanlar ja'miyet ha'm ja'ha'n ma'deniyati rawajlaniwina u'lken u'les qosqan. Bul ulli danishpanlar tu'rli pa'nlerge, sonin' ishinde balalardi ha'r ta'repleme jetik insan etip ta'rbiyalawg'a tiyisli jaratqan shig'armalarinin' ruwxiy ma'deniy qa'diriyatlarinin' ilimiy-filosofiyaliq tiykarlarin islep shiqqan. Olar a'sirler dawaminda ta'lim-ta'rbiya tarawinda ata-babalarimiz arttirg'an ta'jriybelerdin' ku'shli qu'diretke iye ekenligin ha'm xaliqshillilig'in o'z shig'armalarinda ta'riyplegen.

O'zligin an'law tariyxin biliwden baslanadi. "Tariyxiy yadi bar insan ku'shli insan. biz haqiyqiy tariyximizdi tiklewimiz, xalqimizdi, milletimizdi a'ne usi tariyx penen qurallandiriwmiz za'ru'r"[4],- dedi I.A. Karimov "Tariyxiy xotirasiz kelajak yo'q" shig'armasinda.

Xaliq pedagogikasi-sol xaliqtin' ta'lim-ta'rbiyaliq, a'dep-ikramliliq, filosofiyaliq, estetiqaliq tu'siniklerin, ruwxiy ha'm fizikaliq jetiklik kontseptsiyasin o'z ishine alatug'in, onin' a'sirler dawamindag'i turmis

---

[4] Islam Karimov. Tariyxi'y xotirasiz kelajak yo'q. Tashkent - 1998j.

ta'jiriybesinen toplang'a ta'rbiyaliq ko'zqaraslarinin' sistemasi boliw menen birge, o'zinin' o'zekli ideyalari menen uliwma adamzatliq qa'driyatlardin' belgili bo'legin kuraydi. Adamnin' o'z o'miri dawamindag'i aqil, etikaliq, estetikaliq, miynet ta'rbiyasi xaliq pedagogikasinin' da'stu'rlerinde ja'miyetlik ma'p penen teren' baylanistirilg'an halda rawajlandirilip kelgen.

Ha'r qanda ja'miyettin' rawajlaniwi, xaliqtin' turmisinin' jaqsilaniwi, ilim ha'm ma'deniyattin' ilgerilewi joqari da'rejedegi ta'lim-ta'rbiyasiz mu'mkin emes.

Ja'miyettin' gu'llenip rawajlaniwin joqari madeniyatli, ruwxiy du'n`yasi bay adamlar ta'miynleydi. A'yyemgi babalarimiz ka'mil insan haqqida pu'tkil bir moral` kodeksin islep shiqqan,-degen edi O'zbekistan Prezidenti I.A.Karimov - «Xalqimizdin' da'stu'riy ta'rbiyasinin' mazmuni sonnan ibarat, ha'r bir adamnin' ju'reginde haramg'a jek ko'riwshilik, insapsizliqa, a'dalatsizliqqa qarsi mauasasizliq jasaw tiyis»[5].

Bu'gingi tu'rkiy tilles xaliqlardin' ruwxiy ma'deniyati ortaq o'tmishimizdin' jalg'asi. Sonliqtan da ertedegi tu'rk ja'miyetindegi pedagogikaliq ko'zqaraslardi ha'r ta'repleme u'yreniw, olardin' bu'gingi tu'rkiy tilles xaliqlardin' ta'lim ta'rbiyaliq ko'zqaraslari menen sabaqlaslig'i ma'selesine aniqliq kirgiziw-bu'gingi sanamizdi, du'n`yaqarasimizdi jetilistiriwshi, bayitiwshi ilajlardin' biri bolip tabiladi.

Orta a'sirlik ulli tu'rkiy xaliqlar alimi Maxmud Qashg'ariydin' jasag'an qaraxaniyler ma'mleketinin' da'wiri IX-XIII a'sirdin' basi VI-VIII a'sirlerdegi Orayliq Aziyadag'i tu'rklerdin' ma'mleketlik birlespelerinin' ta'biyg'iy dawami edi. eski tu'rk ja'miyetinin' pedagogikaliq ko'zqaraslari, du'n`yaqarasi, ruwxiy du'n`yasinin' kelbetin VI-VIII a'sirlerdegi Ko'k tu'rkler ma'mleketinen qalg'an Orxon-enisey esteliklerinen baslap hu'jjetli tu'rde izertlewge boladi. Bul tasqa jazilg'an epigrafikaliq estelikler a'yyemgi tu'rk sina jaziwi menen jazilip,

[5] Islam Karimov. Joqari ma'nawiyat-jen'ilmes ku'sh. T.:«Ma`naviyat», 2008j.

tu'rkiy qa'wimlerdin' ele Islam dinin qabillamag'an da'wirinin' ko'zqaraslarin bizge jetkerdi.

Tu'rkiy qa'wimlerdin' VIII-a'sirden baslap Islam dinin qabillay baslawi olardin' du'n`yaqaraslar sistemasin jan'a bag'darg'a saldi. Qaraxaniyler ma'mleketinin' quraminda jasag'an tu'rk qa'wimlerinin' islam dinine o'tiwi X-a'sirdin' ortasina tuwra keledi. Sonliqtan XI-X sirdin' son'g'i shereginde do'regen bul da'wirdin' ulli shig'armasi- Maxmud Qashg'ariydin' "Devonu lug'otit tu'rk" (Tu'rk tillerinin' jiynag'i) miyneti sol waqitlardag'i tu'rkiy xaliqlardin' pedagogikaliq ko'z qaraslarin izertlewde tiykarg'i da'rek bolip tabiladi. Devonu lug'otit tu'rk eski tu'rklerdin' islamg'a deyingi ha'm islamlasqannan keyingigi du'n`yaqaraslarinin', pelagogikaliq oy-pikirlerinin' qalay sintezleskenin ayqin misallarda bizin' zamanimizg'a jetkeriwi menen xarakterli ha'm bahali.

Usi da'reklerge su'yene otirip, eski tu'rklerdin' ta'lim ta'rbiyaliq oy-pikirleri ha'm qa'de qag'iydalari menen tanisqanimizda, Maxmud Qashg'ariy da'wirindegi xaliq pedagogikasinin' ha'r ta'repleme jetilisken, el-xaliq ma'pi menen jasaytug'in watan patriotin ta'rbiyalawg'a qaratilg'an oziq tu'siniklerdin' sistemasi sipatinda qa'lipleskenin ko'remiz. eski tu'rklerdin' ruwxiy du'n`yasinin' ken' a'leminin' bir tarawi bolg'an xaliq pedagogikasi sol da'wirdin' awizeki ha'm jazba a'debiyatinin' u'lgilerinde o'z ko'rinisin tapti.

Maxmud Qashg'ariydin' «Devonu lug'otit tu'rk» shig'armasi o'z da'wirinin' aqil ha'm a'dep ikramliliq ta'rbiyasin ha'r ta'repleme ko'rsetetug'in misallarg'a, naqil-maqallarg'a, xaliq qosiqlarina og'ada bay. Biz bul pedagogikaliq miyrasti bu'gingi tu'rkiy xaliqlardin' ruwxiyatinin', etikaliq ko'zqaraslarinin' sag'asi sipatinda ta'n alamiz. Ha'r bir jas a'wlad o'z xalqinin' a'dep ikramlilig'in boyina sin'dirip a'depli boliwi kerek. Qaysi ja'miyette a'depli isler jolg'a qoyilsa, ol ja'miyettin' abroyi joqari, awhali jaqsi.

Demek, a'dep-ikram qag'iydalari adamnin' ruwxiy du'n`yasinin' tiykari, onin' ja'miyettin' oziq sanali bir ag'zasi bolip jasawinin' girewi.

Adamnin’ kimligi-onin’ moralliq kelbeti, ruwxiy du’n`yasinin’ mazmuni, minez-qulqi onin’ basqalarg’a qatnasinda ashiladi. A’deplilik, yag’niy joqari moralliq qa’siyetlerge iye boliw adamnin’ ja’miyettegi abirayli ornin belgileydi, uliwma moralliq qatnasiqlar ja’miyetti birlestiriwshi ku’sh bolip tabiladi. Sonliqtan da xaliq pedagogikasi adamnin’ boyinda ja’miyettin’ rawajlaniwina, jarqin keleshegine tiykar bolatug’in unamli qa’siyetlerdi ta’rbiyalawg’a qaratiladi.

Maxmud Qashg’ariydin’ watanlasi ha’m zamanlasi Yusuf Balasag’uniydin’ «Qutadg’u bilig» inde Aytoldi elikke minanday sawallar qoyadi:

Jaqsi adamnin’ go’zzal a’detleri qanday boladi?
Jaqsi adam kim, onin’ o’zi kim boladi?
Bul teren’ filosofiyaliq sawalg’a elik bilay juwap beredi:
Elik aytti:- Jaqsi adam sonday adam, onin’ barliq is-ha’reketleri,
Oyi-so’zi xaliqqa payda beretug’in boladi.
Barliq xaliqqa tek g’ana jaqsiliq etedi,
Biraq etken jaqsilig’i ushin rahmet ku’tpeydi.
O’z paydasin go’zlemeydi-basqalarg’a payda keltiredi,
Bul islegeni ushin hesh kimge millet qilmaydi.

Ko’rip turg’animizday, biz so’z etip turg’an da’wirdin’ ta’lim ta’rbiyaliq ko’z qaraslari og’ada joqari da’rejede bolg’an ha’m ertedegi tu’rk ja’miyetinin’ joqari moralliq kelbeti onin’ tariyx saxnasindag’i ba’lent ornin belgilegeni so’zsiz.

Maxmud Qashg’ariy da’wirindegi ja’miyettin’ ha’r bir ag’zasinda a’deplilikti ta’rbiyalawg’a qaratilg’an eski tu’rklerdin’ xaliq pedagogikasi adam balasinin’ jetiklikke umtiliwinin’, o’zinin’ qa’dirin bilip ha’m basqalardin’ hu’rmetin ornina qoyip jasawinin’ u’lgilerin beredi.

Bu’gingi tu’rkiy xaliqlardin’, sonin’ ishinde qaraqalpaq xalqinin’ ta’lim-ta’rbiyaliq da’stu’rleri olardin’ tariyxiy rawajlaniw joli menen tig’iz

baylanisli, a’sirese, erte da’wirdegi qa’liplesken xaliq pedagogikasinin’ printspleri son’g’i a’sirlerde ha’r bir millettin’ o’z rawajlaniw jolina tu’siwine qaramastan, barlig’inin’ da tu’sinik du’n`yasinin’ da’regi bolip xizmet etedi. Xalqimizdin’ tariyxiy ta’jiriybesinin’ na’tiyjesi bolg’an ta’lim-ta’rbiyaliq da’stu’rleri hesh qashan o’z a’hiymeti joytpaytug’in ruwxiy qa’diryatimiz bolip tabiladi.

Ertedegi tu’rk ja’miyetinde, yag’niy mongol xu’ku’mdarlig’ina deyingi da’wirde qa’liplesken tu’rkiy ta’lim-ta’rbiyaliq da’stu’rler a’sirler dawaminda xalqimizdin’ a’dep-ikramliq qag’iydalari bolip, ha’r bir jas a’wladtin’ ja’miyetlik, moralliq, ruwxiy rawajlaniwinin’ ta’sirshen’ quralina aynaldi. Xaliqtin’ o’mir ta’jiriybesinen tuwilg’an, ne jaqsi, ne jaman degen ta’biyg’iy sawallarg’a juwap beretug’in, onin’ sheshenleri, shayirlari ha’m danishpanlarinin’ ma’nili ha’m ko’rkem so’zleri menen torlang’an xaliq pedogogikasi ha’r bir jan’a a’wladti ta’rbiyalawda qollanilatug’in usil, ta’jiriybe, ko’nlikpe ha’m ko’zqaraslarinin’ waqit sinag’inan o’tken sistemasi bolip tabiladi. ertedegi tu’rk ja’miyetindegi xaliq pedogogikasi da’slep xaliq awiz eki a’debiyatinda o’z sa’wleleniwin tapti, u’rp-a’detler ha’m da’stu’rlerge sin’di, solay etip a’sirler dawaminda a’wladqa o’tip keldi.

Xaliqtin’ awizeki a’debiyatinda onin’ tariyxi da, filosofiyaliq, estetikaliq ko’zqaraslari da sa’wlelenedi. Maxmud Qashg’ariydin’ „Devonu lugotit tu’rk„ miyneti bul shig’arma jazilg’ang’a deyingi da’wirdegi tu’rkiy qa’wimlerdin’ arasinda basshiliqqa aling’an pelagogikaliq prinsiplerdin’, ta’lim-ta’rbiyaliq oy-pikirlerdin’ a’jayip u’lgilerin beredi. „Bul miynet o’zinin’ ilimiy bayanlamasinin’ da’lilligi, ondag’i berilgen materiallardin’ baylig’i jag’inan xesh bir ten’i joq shig’arma. Bul shig’armadag’i tu’rkiy qa’wimlerdin’ tariyxi, fol`klori, mifologiyasi boyinsha og’ada bay mag’lumatlar beriledi”. Xaqiyqatinda da Maxmud Qashg’ariydin’ miyneti mong’ol xu’kimdarlig’inna deyingi tu’rk ja’miyetinin’ turmisinin’ ha’m ruwxiy du’n`yasinin’ entsiklopediyasi sipatinda orinli bahalanadi.

Qaraqalpaqstanda Maxmud Qashg'ariydin' „Devonu lugotit tu'rk„ shig'armasin izertlew S.Mutallibovtin' awdarmasinda o'zbek tilinde Tashkentte basilip shiqqanan son' baslandi.

Maxmud Qashg'ariydin' bul ataqli shig'armasinin' qaraqalpaq tiline, awizeki a'debiyatina qatnasi D.S.Nasirov, J.Bazarbaev, Q.Maqsetov, X.Xamidiy, K. Ma'mbetov, O'. A'lewov, A.Pazilov, U.Seytjanova ha'm basqa da ilimpazlarimiz ta'repinen izertlendi. Bul shig'armadag'i pedagogikaliq ko'zqaraslar pedagogika ilimlerinin' doktori O. A'lewovtin' „Qaraqalpaqstanda ta'lim-ta'rbiyaliq oylardin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi„ atli monografiyasinin' „XI-XIII-X a'sirlerdegi Qaraxaniyler ma'mleketindegi mektep ha'm ma'deniy awhal[6]„ degen babinda qisqasha, biraq dujirimli tu'rde bayanlanip o'tiledi.

Biz o'z jumisimizda usi joqari ilimiy qung'a iye shig'armanin' tiykarinda Maxmud Qashg'ariy da'wirindegi eski tu'rklerdin' xaliq pedagogikasinin' tiykarg'i printsiplerin, mazmunin aqil, a'dep-ikramliliq ta'rbiyasi ma'selelerinde baylanisli alip qarawdi maqset tuttiq. Adamnin' o'z o'mirinde aqilliliq penen is tutip, a'deplilik penen jasaw kerekligi haqqindag'i ideya ertedegi tu'rk xaliq pedagogikasinin' o'zekli ideyalarinin' biri sanaladi.

Maxmud Qashg'ariydin' «Devonu lugotit tu'rk» shig'armasi XI a'sirdegi tu'rk qa'wimlerinin' ma'deniyatinin' rawajlaniwi da'rejesin ko'rsetetug'in u'lken bir ruwxiy baylig'imiz.

Ataqli o'zbek alimi N. Mallaev «Devonu lugotit tu'rk» tek g'ana til izertlew shig'armasi bolip qoymay, ba'lki o'z da'wirinin' bir qamusi-entsiklopediya» dep og'ada duris belgilengen edi.

Xaqiyqatinda da bul shig'armada a'yemgi ha'm orta a'sirlerdegi tu'rkiy qa'wimlerdin' du'n`yaqarasin, sonin' ishinde pedogogiqaliq ko'zqaraslarin sa'wlelendirgen materiallar xaliq awiz eki a'debiyatinin' u'lgileri, ken' ken'

---

[6] Alewov O'. Qaraqalpaqstanda ta'lim-ta'rbiyaliq oylardin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi. No'kis-1993j.

tu’rde ja’mlengen. Shig’amadag’i ilim-bilim, ta’lim-ta’rbiya, a’dep-ikramliliq tuwrali pikirler avtordin’ da’wirinin’ ruwxiy kelbetin ashiр beredi. Alim adamlardi jaqsiliqqa umtilip, jaman illetlerden qashiр jasawg’a shaqiradi. So’zliktegi keltirilgen misallar-hikmetler, naqil-maqallar, xaliq qosiqlari bul da’wirde tu’rklerdin’ ta’rbiya haqqindag’i pikirlew du’n`yasinin’, xaliq pedagogikasinin’ da’rejesi joqari bolg’anlig’in ko’rsetedi. Qaysi da’wirde de xaliqtin’ turmisinin’ jaqsilaniwin, aqil-sanasinin’ rawajlaniwin joqari da’rejedegi ta’lim-ta’rbiyasiz ko’z aldimizg’a keltiriw mu’mkin emes.

Maxmud Qashg’ariy da’wirinde musilman du’n`yasinda ilim-bilim, ma’deniyat ken’ ko’lemde rawajlandi. Meshitlerde, medreselerde uliwma xaliqtin’, a’sirese jas a’wladtin’ a’dep-ikramlilig’ina ayriqsha kewil bo’lindi. Orayliq Aziya, Qitay, Hindstan, Jaqin Shig’is ha’m Batis evropa ellerin bir-biri menen baylanistirip turg’an «Ulli jipek joli» bul aymaqlardin’ ma’deniy baylanislarin rawajlandiriwg’a jag’day tuwdirip berdi. Ta’lim-ta’rbiyaliq xarakterdegi shig’armalar bir tilden ekinshi tilge awdarilip, barliq xaliqlardin’ ortaq ruwxiy mu’lkine aynalar edi.

Maxmud Qashg’ariydin’ shig’armasi en’ a’wele xaliqtin’ o’zinin’ ruwxiy du’n`yasinin’ barliq ta’replerin sa’wlelendiriwshi tu’siniklerin awizeki a’debiyattin’ u’lgileri arqali bizge jetkergeni menen qimbatli. Alim tu’rkiy so’zlerdin’ leksikaliq ma’nisin tu’sindiriwde xaliq awizeki a’debiyatinin’ u’lgilerinen ken’ tu’rde paydalang’an. Bul u’lgiler, a’sirese, naqil-maqallar tiykarinan alg’anda ta’rbiyaliq xarakterge iye bolip keledi. «Bilga erig ezgu tutib so’zin eshit, ardamini urganiban ishka so’ra», «Bilimli adamdi qa’dirlep, so’zin tin’la, aqilin alip a’melge asir» degen bir g’ana naqildin’ o’zi sol da’wirdegi xaliq pedagogikasinin’ teren’ mazmung’a iye bolg’anlig’inan da’rek beredi.

Xaliq pedagogikasi uzaq a’sirler dawaminda qa’liplesip, da’slep tiykarinan awizeki a’debiyat u’lgileri, u’rp-a’detler, da’stu’rler, son’inan jazba a’debiyat arqali bizge jetip keldi.

Xaliq pedagogikasinda ha’r bir da’wirdin’, ha’r bir a’wladtin’ ta’jiriybesi, ko’zqaraslari ja’mlengen. Xaliqtin’ ta’lim ta’rbiyag’a baylanisli oy-pikirleri, tu’sinikleri onin’ turmis ta’rizi, etnikaliq psixologiyasi menen tig’iz baylanisli. Maxmud Qashg’ariy o’z miynetinde xaliq pedagogikasina qatnasli mag’liwmatlardi berer eken, adamlardin’ anadan birdey bolip tuwilatug’inlig’in tastiyiqlaydi, olardin’ son’inan jaqsi yaki jaman boliwi-ta’rbiyadan g’a’rezli.

U’ydegi ta’rbiya, ko’pshiliktin’ arasindag’i ta’rbiya-yag’niy «qus uyada ne ko’rse, ushqanda soni isleydi», «xaliq ta’rezi», «xaliq aytsa-qalip aytpaydi». Maxmud Qashg’ariy usi mazmundag’i «ata og’li atach tug’ar»-«atasinin’ balasi atasina uqsaydi»-degen naqildi keltiredi.

Xaliq pedagogikasi-bul o’mir sabaqlig’i, onda adamnin’ ju’ris turisinan baslap oy-pikirlerine shekem barliq qa’siyetlerinin’ ja’miyetke siyimli, o’zine jarasimli boliwi na’zerde tutiladi. Yag’niy ha’r bir adam sonday jasawi kerek, onin’ qasindag’i adamlar onnan hesh za’lel ko’rmeytug’in bolsin, degen pikir alg’a su’riledi. Adam ta’rbiyasinin’ barliq ta’repleri esapqa alinip, hesh na’rsege mayda-shu’yde dep qaralmay, aqil menen is tutiwg’a, jeti o’lshep bir kesiwge diqqat awdariladi. Xaliqta «jigit jeti qirli bir sirli boliwi kerek» degen danaliq so’z bar. Adamnin’ bir sirli boliwi- bul onin’ duris joldan ju’re biliwi.

Maxmud Qashg’ariydin’ tilge alip o’tetug’in naqil-maqallarinin’, danaliq so’zlerinin’ ha’r birinde teren’ ma’ni, adamnin’ aqil sezimin jawlap alatug’in qu’diretli ku’sh bar. Usi altin qag’iydalarda ja’mlengen xaliq pedagogikasi a’sirlerdawaminda neshshe-neshshe a’wladlardin’ joqari a’dep-ikramliliqti ideal tutip jasawin ta’miynlep keldi. Sebebi-ta’rbiya bul xaliqti xaliq etip saqlap turatug’in qurallardin’ biri.

Xaliq pedagogikasi-adamlardin’ o’zlerinin’ o’mir ta’jiriybesinen tuwiladi, qayta-qayta sinaqtan o’tedi, jetilisedi ha’m hesh waqitta tan’ shen’berde qalip qoymay, uliwma adamzatqa ortaq qa’diriyatlar menen baylanisin bekkemlep baradi.

Xaliq pedagogikasi-tawdin’ basinda tasqinlap ag’ip, a’tirapina o’mir bag’ishlap turg’an bulaqqa usaydi. Ondag’i adamg’a o’rnek beretug’in, u’lgi bolatug’in jol-jobalar ha’m qa’de qag’iydalar jas a’wladtin’ o’zin, xalqinin’ g’amin tu’sinip jetiwin ta’miynleydi. Sebebi, xaliqtin’ ta’g’diyri oni quraytug’in adamlardin’ is-ha’reketlerinin’ na’tiyjesi. elde xaliqtin’ g’amin oylaytug’in, watanlaslarinin’ keleshegi ushin gu’rese alatug’in insanlar ko’p bolsa-ol xaliq tariyxtin’ ne tu’rli alasapiranlarinan aman shig’adi, ulli ma’deniyattin’ do’retiwshisi boladi. Babalardin’ danaliq aqil-na’siyatlari, a’dep-ikram, ta’lim-ta’rbiya boyinsha ko’z qaraslari xaliq pedagogikasinin’ qan tamirlari bolip, xaliqtin’ ruwxiy ma’deniyatinin’ a’wladtan-a’wladqa o’tip bariwin ta’miynleydi. Demek, xaliq pedagogikasi xaliqtin’ ruwxiy o’mirinin’ aynasi.

## 1.2. Ertedegi xaliq pedagogikasinda balalarda joqari adamgershilikli paziyletlerdi ta’rbiyalaw ma’seleleri

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı joqari adamgershilikli paziyletlerdi ta`rbiyalaw balalardın` xızmet pikirlew xızmetin rawajlandırıwg`a u`lkenlerdın` ma`lim maqset penen ta`sir etiwi. Ol balalarg`a do`gerek-a`tiraptag`ı a`lem haqqında bilimler beriwdi, olardı sistemalastırıwdı, balalarda biliwge qızıg`ıw oyatıwdı, aqılıy ko`nikpe ha`m epliliklerdi payda etiwdi, biliw qa`biletlerin rawajlandırıwdı o`z ishine aladı.[7]

Balalardı mektepke tayarlawda joqari adamgershilikli paziyletlerdi ta`rbiyadın` roli ayrıqsha u`lken. Bilimler zapasın iyelew, aqılıy xızmetti ha`m o`z betinshelikti, aqılıy ko`nikpe ha`m epliliklerdi payda etiw tabıslı oqıw ha`m bolajaq xızmetti tayarlanıwdın` za`ru`r sha`rti.

Balalardın` 6 jastan baslap mektepte oqıwg`a o`tiwi mu`na`sibeti menen olardı mektep ta`limine tayarlaw ushın aqılıy rawajlanıwı jeterli da`rejede bolıwın ta`miyinlew ta`rbiyashılardın` juwapkerligin ja`nede asıradı. Joqari adamgershilikli paziyletler – bul jastın’ o`sip, ta`jiriybenın` bayıp barıwı mu`na`sibeti menen ta`rbiyalıq jumıslar ta`sirinde balanın` aqılıy xızmetinde ju`z beretug`ın mug`dar ha`m sapa o`zgerislerinın` jıyındısı. Mektepke shekemgi ta`rbiya jasında bilim tez-pa`t penen bayıp baradı, til qa`liplesedi, biliw protsessleri rawajlanadı, bala en` a`piwayı menen bayıp baradı, til qa’liplesedi, biliw protsessleri rawajlanadı, bala en` a`piwayı xızmet usılların iyelep aladı. Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardın` joqari adamgershilikli paziyletlerinin’ qa’liplesiwi ha’m aqılıy rawajlanıwın ta`miyinlew olardın` keleshektegi pu`tin xızmeti ushın u`lken a`hmiyetke iye boladı.

Bala sotsial ortalıq ta`sirinde aqılıy ta`repinen rawajlanıp baradı ha’m olarda joqari adamgershilikli paziyletlerini qa’liplesidi. Do`gerek-a`tiraptag`ı

---

[7] P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. Toshkent –1995.

kisiler menen qarım-qatnas qılıw protsessinde ol tildi ha`m ol menen birge payda bolg`an tu`sinikler sisteması o`zlestiredi. Na`tiyjede mektepke shekemgi ta`rbiya jasında bala tilin sonshelli iyelep aladı, onda qarım-qatnas quralı sıpatında erkin paydalana alatug`ın bolıp qaladı.

Joqari adamgershilikli paziyletlerinin' qa'liplesiwi ha'm aqılıy rawajlanıw xızmetinın` ken`liginde waqıyalardı ha`r qıylı baylanıslarda, mu`na`sibetlerde ko`re biliw, ulıwmalastırıw qa`biletinde payda boladı.

Biz Maxmud Qashg'ariy miynetinde keltirgen awizeki a'debiyat u'lgilerinde, onin' o'zine tiyisli pikirlerinde xaliqtin' arziw u'mitlerinin', quwanish ta'shwishlerinin', qayg'i-ha'siretlerinin', qa'diriyatlarinin', etikaliq ha'm estetikaliq, filosofiyaliq-moralliq, ta'lim-ta'rbiyaliq ko'zqaraslarinin' ten'iz tu'bindegi marjanlar kibi sa'wlelengenin ko'remiz. Sebebi, bul a'piwayi tu'siniklerdi beretug'in u'lgilerde adamnin' kamalatina qanat bolatug'in teren' ma'niler bar.

Jaqsiliq penen jamanliqtin', insap penen nainsapliqtin', hadal menen haramnin' parqin ayiriw, a'dillik penen a'dilsizliktin', ma'rtlik penen na'ma'rtliktin', hu'jdan menen hu'jdansizliqtin', ar-namis penen ar-namissizliqtin' , uliwma adamgershilik penen pa'sliktin' adamnin' o'mirine qatnasin belgilew-bul Maxmud Qashg'ariyg'a deyin de bar, ol o'z da'wirinin' mazmunin ta'riyplep bergen, bul ulli babamizdan son' da xalqimizdin' ruwxiy tirishiliginin' o'zegin qurag'an belgilerdin' bir qatar ko'rinisleri bolip tabiladi.

Insandi ha'r ta'repleme jetik rawajlang'an, joqari adamgershilikli etip qa'liplestiriwshi ta'rbiyaliq faktorlar xaliq pedagogikasinda pu'tin bir sistema tu'rinde o'mir su'redi. Ta'rbiyaliq ilajlar ha'r qashan da adamlardin' turmis za'ru'rliginen tuwiladi. Jaqsi ta'rbiya xaliqtin' kelesheginin' girewi dep tu'sinilgen. Maxmud Qashg'ariy «A'dam bashi til»-«a'deptin' basi til» degen o'zekli naqildi keltirip o'tedi. Haqiyqatinda da xaliqtin' ko'p a'sirlik o'mir ta'jiriybesi, keleshek a'wladlarg'a aqil miyrasi tilde naqil-maqallar, basqa da danaliq so'zler tu'rinde qa'liplesip, saralanip, a'wladtan-a'wladqa o'tip baradi.

Adamnin’ kimligi onin’ so’ylep turg’an so’zinen bilinedi-ol ne so’ylep tur ha’m qalay so’ylep tur. Tu’rkiy qa’wimlerde jasi u’lkennin’ ja’miyetlik-sotsialliq roli og’ada ku’shli bolg’an. Jasi kishi jasi u’lkennin’ aldinan kese o’tpegen, so’zin sindirmag’an, «Garri bilgendi peri bilmes» degen gep te usi da’stu’rden kelip shiqqan. «Ata na’siyatin ko’p alg’an ka’tquda boladi»delinedi qaraqalpaq xaliq naqilinda. Demek, ta’rbiyanin’ tiykari-o’mirdin’ o’mirdin’ ne tu’rli ha’diyselerin ko’rgen, aqil-oyi turmistin’ ko’riginde shin’lang’an, «Ko’re-ko’re ko’sem, so’yley-so’yley sheshen bolg’an» jasiu’lkenlerdin’, jaslarg’a aqil-na’siyat berip, duris jol siltewi bolip tabiladi. U’rp-a’detlerde, da’stu’rlerde, aqil-na’siyat tariyqasindag’i ra’wayatlarda xaliqtin’ ruwxiy du’n`yasi, psixologiyasi sa’wlelenedi.

Maxmud Qashg’ariydin’ shig’armasinan orin alg’an, xaliq pedagogikasinin’ o’zegin quraytug’in awizeki a’debiyat u’lgilerinde sol da’wirdin’ adamgershilik, adamnin’ qa’dir qimbati tuwrali tu’sinikleri ayqin ko’rinedi. «yu’zga’ ko’rma’, a’rza’m tila’», «Ju’zine qarama, jaqsilig’ina baq»degen ha’r naqilda ha’r kimdi jaqsi islerine qarap bahalamaq lazim degen danaliq pikir bar. Biz Maxmud Qashg’ariydin’ shig’armasinda tu’siniklerden xaliq pedogogikasinin’ xaliq turmisinin’ ajiralmas bir bo’legi ekenligin ko’remiz. Xaliq pedogogikasi a’wladlardin’ ta’jiriybesinde sinalg’an, isenimli ha’m o’mirshen’ ideyalardan turadi. Bunda jalg’an tu’sinikler, aldamshi sezimler bolmaydi. Sebebi o’zin-o’zi aldap jasag’an adamnin’ da, ja’miyettin’ de keleshegi bolmaytug’ini o’z-o’zinen ko’rinip turg’an na’rse. Soni da aytip o’tiw kerek, Maxmud Qashg’ariy da’wirinde tiykarg’i bo’legi ko’shpeli ha’m yarim ko’shpeli turmis keshirgen tu’rkiy qa’wimlerdin’ tu’sinik du’n`yasinin’, xaliq pedagogikasinin’ o’zine ta’n etnikaliq o’zgeshelikleri, usillari bar edi. Bul o’zgeshelikler otiriqshi xaliqlar menen aralasiw protsessinin’ barisinda bayip, janlanip, rawajlanip bardi.

Ulin eldin’ arin arlaytug’in azamat etip, qizin sol er jigitke qap qoldasa alatug’in xojaliqtin’ ekinshi arisi etip ta’rbiyalaw, tu’rkiy qa’wimlerdin’

tu'siniginde ha'r bir ata-ananin' parizi bolg'an. Xaliq pedagogikasinin' mazmuni adamnin' o'mirinin' ha'r tu'rli gezenleri - balalig'i, jasliq da'wiri, jasu'lkenlik da'rejesi menen tig'iz baylanisli. Yag'niy balag'a aytilatug'in na'siyatlar bar, jigirmadag'i jigitke aytilatug'in na'siyatlar bar, sebebi olardin' ja'miyettegi orni ha'r qiyli, sog'an qaray olarg'a qoyilatug'in talaplar da bir-birinen ajiralip turatug'inlig'i ta'biyg'iy.

Maxmud Qashg'ariy o'z shig'armasinda keltirgen ta'lim ta'rbiyag'a baylanisli awizeki a'debiyat u'lgilerinde o'z da'wirindegi xaliq pedagogikasinin' mazmunin, printsplerin ha'm usillarin beredi Biz olardi u'yreniw arqali tu'rkiy qa'wimlerdin' jas a'wladti nege ha'm qalay ta'rbiyalang'anin ko'z aldimizg'a keltire alamiz. Demek, usi haqiyqatliqqa su'yene otirip, biz Maxmud Qashg'ariydi shin ma'nisindegi xaliq pedagogikasinin' ta'riyplewshisi dep aytiwg'a haqlimiz.

«Xaliqqa jaqsiliq et, oni suwdin' astina taslasan' da-suwdin' u'stinde ko'resen'» degen naqildi biz Maxmud Qashg'ariydin' ta'riyplewindegi xaliq pedagogikasinin' mag'izi desek haslan qa'telespeymiz. Xaliq pedagogikasi janli waqiyalar, ko'rinisler arqali ta'rbiyaliq ta'sirshen'ligi ta'miyinleydi. Shininda da miynette keltirilgen naqil-maqallardin' ha'r biri-bir waqiya, ra'wayat, olardin' ha'r birin ken'eytip an'iz yaki a'psana etip gu'rrin' beriwge boladi. Adamnin' o'miri, adamgershiliktin' joqari qa'dir-qimbati tuwrali xaliq pedagogikasinin' kontseptsiyalari tu'rkiy xaliqlardin' a'sirler boyi o'z inabatin joqari uslap jasawina xizmet etti. «Qut belgisi-bilim» delinedi eski tu'rk naqilinda. Bilim-adamzattin' o'mirlik ta'jiriybesinin' na'tiyjesi. Adamnin' tuwiliwinan baslap ka'tqudaliqqa jetiskenine shekemgi araliqtag'i mu'mkin bolg'an is-ha'reketleri ta'rezige salinip, adam qay waqitta qaysi bag'darda is tutsa o'zine de, basqalarg'a da paydali ha'm unamli bolatug'ini xaliq pedagogikasinda beriledi. Xaliq ideal sanaytug'in jetek adam-ma'rt jigit ,aqilli hayal qanday boliwi kerek, Xaliq pedagogikasi usi o'mirdin' tiykarg'i mazmunin quraytug'in sawalg'a juwap beredi. Bul ma'selede ilim-bilimge ayiriqsha kewil bo'lingen.

Qashg'ariydin' zamanlasi ha'm watanlasi Yusuf Xas Xajib Balasag'uniy o'zinin' ataqli shig'armasi «Qutadg'u bilik» - «Baxitqa baslawshi bilim» dep atawi bul pikirdin' ayqin guwasi bola aladi.

Ja'ha'nde bilimnen qa'dirlirek ne bar,
Bilimsiz dese- bul adamg'a xorliq boladi,-

dep jazg'an edi Yusuf Xas Xajib Balasag'uniy .

Adamnin' qasiyetleri, is-ha'reketleri uliwma ja'miyettin' ma'pin qatnasina qaray baxalanadi. Usinnan shig'ip bul o'mirlik qubilislarg'a a'dillik ha'm a'dilsizlik , insap ha'm insapsizliq, mehribanliq ha'm zulimliq-dep at beriledi. Maxmud Qashg'ariy, usi o'mirdin' a'wlan qubilislarin- adamlardin' is-ha'reketlerinin' jo'nelislerin o'z da'wirinde qalay baxalang'anlig'in aniq misallarda bizin' zamanimizg'a jetkerip berdi. «Ku'ch aldin kirsa'-to'ru' tu'nlu'kta'n chiqar»-«Zulim esikten kirse-insap tu'n'likten shig'ar» degen naqildan biz eski tu'rklerdin' a'dalatsizliqqa, zulimg'a ha'r qashanda qarsi bolg'anlig'in ko'remiz. Ha'r qanday ja'miyette de jaslardi a'dalatliliqqa, xaqiyqatliqtin' ta'reptariboliwg'a u'yretiwdin' a'himiyeti u'lken. Jaslarda «haqiyqatliq qayissa da sinbaydi» degen naqilg'a say nahaqliqtin' ja'llatlari qanday hiyle-ta'sirler isletsede, aqir-ayag'inda haq haqlig'ina shig'arina isenimdi ta'rbiyalaw-bul olardin' o'mirlik pozitsiyasin qa'liplestiriwdin' basli tiykarlarinin' biri bolg'an.

Adamlardin' o'z-ara mu'na'sibetlerinde ha'm ja'miyetlik turmisinda a'dillikti basshiliqqa alip, insapli bolip, haqiyqatliqti jaqlap jasawi za'ru'rligi eski tu'rklerdin' du'n`yag'a ko'zqarasinda u'lken orin tutti. «Adam balasi o'lip ketedi, eger jaqsiliq etken bolsa-jaqsi ati qaladi»degen naqilda usi talap na'zerde tutilg'an. Miynette keltirilgen bul fol`klorliq nusqalardin' ha'r biri ta'rbiyanin' uliwma ta'replerin sa'wlelendiriwi menen birge, onin' tiykarlari bolg'an tu'siniklerdi-jaqsiliq, adamgershilikti ibratli misallarda tastiyiqlaydi, obrazli tu'rde beredi.

Eski tu’rklerdin’ xaliq pedagogikasi Maxmud Qashg’ariydin’ «Devonu lug’otit tu’rk» atli ulli shig’armasinda keltirgen awizeki a’debiyat u’lgileri arqali bizge kelip jetti. Biz usi misallar arqali babalarimizdin’ adam balasinin’ ta’rbiyasi jo’nindegi tu’siniklerinin’ sistemasin oy ta’rezisine salip, analizley alamiz. Demek, Maxmud Qashqariy eski tu’rklerdin’ xaliq pedagogikasin birinshi ma’rte ta’riyplep bergen alim boldi.

Orta Aziya xaliqlarini o`miri dawaminda payda bolg`an ha`m qa`liplesken, turmistin` barliq tarawinda saqlanip kiyatirg`an u`rp-a`det, da`stu`rler jaslardin` qa`lbine qansha teren` sin`dirilgen sayin ma`deniy rawajlaniwimzg`a sonshelli ku`shli ta`sir etedi. u`rp-a`detler bul, uzaq tariyxiy da`wirlerden beri saqlanip, a`wladtan-a`wladqa o`tip kiyatirg`an adamlardin` jeke turmisindag`i, xojalig`indag`i ha`r qiyli waqiyalarg`a baylanisli mudami qaytalanip turatug`in tu`siniklerdin`, ha`reketlerdin`, salt-sana ha`m u`rdislerdin` ko`rinisi. Xaliq pedagogikasi ha`m onin` ta`rbiyaliq da`stu`rleri xalqimizdin` ko`p a`sirlik ta`rbiyaliq ta`jiriybelerinin` negizi bolip, ol o`zinin` jaslarg`a ta`sir etiwshi bay mu`mkinshilikleri menen a`meliy ko`rinislerine iye. Sonliqtan insan turmisinin` tiykarg`i ma`nisin ha`m onin` rawajlaniw barisin milliy miyraslarsiz ko`z, aldimizg`a keltire almaymiz. O`sip kiyatirg`an jas a`wladti adamgershilik, a`dep-ikramliliq tiykarinda miynetkesh, miyrimli, pa`k, hadal, iymanli, insapli etip ta`rbiyalawda xaliq da`stu`rleri menen u`rp-a`detlerinin` ta`rbiyaliq a`hmiyeti biybaha.

Son`g`i jillar ishinde elimizdegi ja`miyetlik qayta quriwlardin` barisi xaliqtin` siyasiy-ekonomikaliq ha`m sotsialliq turmisindag`i jan`alaniwlar insan o`mirinde ko`z-qarasi ha`m minez-quliqinda belgili o`zgerislerdi payda etip atir. Haqiyqatinda da milliy ta`rbiyaliq da`stu`rlerdin` ruwxiy du`n`yamizdi ja`ne de teren`lestirip keleshekke isenim, mehir-muhabbat arttiriwi xaliq da`stu`rleri menen u`rp-a`detlerinin` ja`miyetlik turmistag`i orni ha`m a`hmiyetinin` o`mirshen`ligin ko`rsetedi.

Bu`gingi ku`ni ata-babalarimizdin` u`rp-a`det ha`m saltinin` dawami, turmis qa`lbinin` timsali bolip ko`ringen xalqimizdin` basip o`tken uzaq o`tmishi, tariyxiy jolin, a`sirese ta`lim-ta`rbiyaliq da`stu`rlerin u`yreniw ha`m oni ha`zirgi turmisimizda paydalaniw za`ru`rlikleri ju`zege keldi.

Usig`an baylanisli, mektepke shekemgi jastag`i da`wirde de balani rawajlandiriw sharayatlari bunnan aldin`g`i jas basqishindag`i sharayatlardan a`dewir o`zgeshelenedi. Ja`miyette o`zin tutiwdin` minnetli bolg`an barliq qa`delerin, ja`miyetlik moral`din` normalarin saqlaw tiykarg`i talap bolg`anlig`i sebepli, balanin` o`zin tutiwina eresek adamlar ta`repinen qoyilatug`in talaplar da bir qansha artadi. Qorshag`an du`n`yani biliwdin` o`sip baratirg`an mu`mkinshilikleri oqiwda, miynette eresek adamlar menen o`z-ara qatnasiqlar arqali balanin` qizig`iwshilig`in arttiradi. Bala o`zinin` ten`lesleri menen birliktegi is-ha`reketke kirisedi, o`zinin` ha`reketlerin olar menen kelisip aliwg`a, olardin` ma`plerin ha`m pikirlerin esapqa aliwg`a u`yrenedi. Mektepke shekemgi balaliq da`wirinde onin` is-ha`reketlerinde o`zgerisler ju`z beredi, olar quramaliraq bola baslaydi, bul waqiyalardi qabil etiw, pikir ju`ritiw, eslep qaliw ha`m basqa da psixikaliq protsesslerge g`ana emes, al o`zin tuta biliw uqibina da joqari talaplar qoyadi.

Erte balaliq da`wiri dawaminda qa`liplesken shaxstin` rawajlaniwi ushin a`tirapindag`ilar ta`repinen balag`a ta`sir etiwdin` jan`a metod ha`m usillari u`lken tiykar jaratadi. Rawajlaniw barisinda bala o`zin tutiwdin` jan`a psixologiyaliq sipatlarin ha`m tu`rlerin o`zlestiredi ha`m bunin` na`tiyjesinde ol ja`miyettin` kishkene ag`zasina aylanadi.

Mektepke shekemgi jasta bunnan bilay rawajlaniwg`a ha`m jetilisiwge uqipli bolg`an balanin` ishki du`n`yasi qa`liplesedi, ol ele toliq qa`liplesken shaxs bolmasa da, oni da`slepki ret shaxs dep ataw ushin tiykar jaratadi.

Mektepke shekemgi jastag`i balalardin` a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi ma`selesi ha`zirgi zaman ja`miyetshiliginde ayriqsha a`hmiyetli orindi iyeleydi. Adamnin` ma`deniyatcizliqqa tu`siwi (ma`deniyatlilig`in joyitiwi) reyimsizlikti

keltirip shig`arip, o`sip kiyatirg`an a`wladqa jaqsiliq ha`m jamanliq ug`iminin` o`zgeriwine alip keledi, ja`miyet aldina moralliqtin` to`menlew qa`wipin qoyadi. Sonliqtan, mektepke shekemgi jastag`i balanin` a`dep-ikramliliq sistemasinin` o`zi tu`pkilikli qayta oylap ko`riwdi talap etedi. Ha`zirgi zamanago`y pedagogikadag`i bunday izertlew bag`dari izleniwleri, toliqlig`i ha`m sistemalilig`i boyinsha ta`rbiyanin` aqil, fizikaliq ha`m basqa da tu`rlerine salistirg`anda a`zzi ta`miyinlengen. Eger burinlari mektepke shekemgi ma`kemelerde a`meliyatta a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi ideologiyaliq standartlar menen belgilenip, ayirim a`dep-ikramliliq normalari (kishipeyillik, etika qa`deleri) menen tanisiw sheklengen bolsa, al a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi usillari balag`a sirttan ta`sir jasaw (isendiriw, ug`indiriw, etikaliq gu`rrin`lesiwler usili)g`a tiykarlandi, al bu`gingi ku`nde a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mazmunin belgilewdin` basim kelgen bag`dari - haq kewillilik, a`dalatliq, adamgershilik siyaqli uliwma insaniyliq miyraslar xizmet etiwi tiyis

Ha’r qanday sawatli, bilimli, ta’jiriybeli ta’rbiyashi o’z sabag’inda balalarg’a jan’a bilim beriwde balalardin’ jas o’zgesheligine, psixologiyaliq qa’biletlerine sa’ykes usillardi tan’laydi.

## I-bap boyinsha juwmaq

Ta'lim-ta'rbiya xaliqtin' tariyxiy rawajlaniwi menen tig'iz baylanisqa iye. Insan turmisi neshe a'sirler dawaminda rawajlaniwdin' negizi, abiroyi bolip, adamlar ortasindag'i ha'r qiyli mu'na'sibetlerge miynetke, ja'miyetke, jasaw qag'iydalarina tiykar salip ta'rbiyaliq mazmunin jaratti.

Qaraqalpaq xalqinin' etnopedagogikasina na'zer salar ekenbiz, biz ta'rbiyaliq da'stu'rlerdin' ha'zirgi waqitqa shekem saqlanip kelgen bay mag'liwmatlarina iyemiz. Bulardin' mazmuninda usi ku'nleri umitilip ketken yamasa elesleri qalg'an orinlar da ushirasadi. Bulardi qaytadan qa'lpine keltiriw ha'm olardin' xizmetin aniqlaw ko'pshilik jag'dayda sinxronikaliq usilda etnografiyaliq ha'm fol`klor materiallarina tiykarlaniw karqali a'melge asiriladi. Xaliqtin' tsivilizatsiyag'a erteden iye ekkenligin da'liyillewshi fol`klorliq baylig'i boyinsha qaraqalpaq xalqi hesh bir xaliqtan qalispaydi. Qaraqalpaq xaliq pedagogikasinin' Orta Aziya elleri xaliq pedagogikasina salistirip qarag'anda o'zine ta'n etnikaliq xarakterge iye ayirmashiliqlari og'ada ko'p.

Balalar baqshasinin' tayarliq toparinda qaraqalpaq tilin oqitiwdin' o'zine ta'n metodikaliq printsipleri bar. Bul tiykarinan til qurilisi bo'limlerin ha'm olardin' bildiretug'in ma'nilerin ajirata biliw, balalarda tilge bolg'an qizig'iwshiliqti payda etiw ana tilin oqitiwda ta'sirli oqitiw, so'z ma'deniyatin qa'liplestiriw, balalardin' jaziw ma'deniyatin, sawatlilig'in u'zliksiz asirip bariw ma'selesi. Balalar ana tilin u'yreniw na'tiyjesinde fonetika, grammatika ha'm leksika, stilistika, punktuatsiya boyinsha bilim aladi.

Mektepke shekemgi ta'lim barliq bilimlerdin' tirnag'i, o'zegi bolip esaplanadi. Sonliqtan balalar baqshasinda balalardi ha'r ta'repleme rawajlang'an, a'dep-ikramli etip na'rbiyalap oqitiw ayiriqsha juwapkershilikti talap etedi.

## II bap. Balalalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq awizeki do’retpelerinen paydalaniw

### 2.1. Xaliq awizeki do’retpeleri ha’m olar tiykarinda balalardi ta’rbiyalawdin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri

O’zbekistan Respublikasinin’ ja’miyetlik turmisindag’i bolip atirg’an g’a’rezsizlik tiykarindag’i qayta quriwlar turmistin’ barliq tarawlarina ken’nen en jayip turmistin’ ken’nen en jayip elimizdin’ siyasiy ha’m ruhiy o’mirinde de ku’n sayin a’hmiyetli ma’selege aylanip kelmekte.

Xalqimizdin’ a’sirler dawaminda toplag’an milliy miyraslarin, xaliq awizeki do’retpelerin, u’rp-a’detlerin biliw ha’m olardi xalqimizdin’ turmis ta’jiriybesinde ken’ en jaydirip paydalaniw, bu’gingi ku’nnin’ aktual` ma’selelerinin’ biri bolip esaplanadi.

Qaraqalpaq xalqi basqa xaliqlar siyaqli o’zinin’ bay o’tmishine, fol`klorina ha’m u’rp-a’det ta’lim-ta’rbiyaliq da’stu’rlerine iye. Mine usinday ruwxiy miyraslarimizdin’ biri bolg’an xaliq awizeki do’retiwshiligin teren’nen u’yreniw ha’m oni ha’zirgi turmisimizda paydalaniw za’ru’rlikleri ju’zege keldi.

Awizeki a’debiyatinin’ usinday o’zine ta’n bay qubilislarin inabatqa ala otirip M.Gor`kiy «naqillar menen maqallar miynetkesh xaliqtin’ turmistag’i ta’jiriybesin, sotsialliq tariyxiy ta’jiriybesin aytqan ha’m sarras ko’rsetip beredi»[8]-dep jazg’an edi. Biz xaliqtin’ da’stu’rin, u’rp-a’detin, dun`yag’a ko’z-qarasin ko’pshilik jag’dayda awizeki a’debiyatinan u’yrenemiz. «Xaliqtin’ awizeki a’debiyatin bilmey turip xaliqtin’ haqiyqiy tariyxin biliwge bolmaydi». Sebebi, “Xaliq o’z jirlarin o’zinin’ basinan keshirgen sezimlerinin’ ta’siri astinda jirlaydi. Basqa derekler bolmag’an jerde xaliq jirlarina qarap avtorsiz ken’ massanin’ u’rp-a’detlerin, seztimleri menen oy-pikirlerin taniwg’a boladi”[9].

---

[8] M.Gor`kiy. Tan’lamali sgig’armalari. No’kis – 1998 j., - 45 B.

[9] Q.Ayimbetov. Xaliq danalig’i. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1988j., -29 B.

Awizeki a'debiyatin xaliq «atalar so'zi» depte ju'rgizedi. Al «Atalar so'zi-aqildin' ko'zi» degen danaliqta usi miyraslardin' jaslar ushin ta'rbiyaliq waziypasin zor sanag'anin tu'siniw qiyin emes. Shininda da, «Xaliq materialliq bayliqlardi do'retiwshi g'ana emes, al ruwxiy bayliqtin' tawsilmaytug'in deregi. Awizeki a'debiyatinin', sonin' ishinde naqil-maqallardin' jaslar ta'rbiyasinda pedagogikaliq a'hmiyeti zor ekenin xaliqtin' o'zi` «Aqilin' bolsa aqilg'a er, aqilin' bolmasa naqilg'a er»[10] dep keltiredi. Demek, awizeki a'debiyati da xaliqtin' ta'rbiyaliq da'stu'rleri-xaliq pedagogikasi, xaliq danalig'inin' zaman jaslarin oylag'an maqsetine muwapiq adam etip jetilistiriwde ta'rbiyanin' maqset ha'm waziypalarina bolg'an ko'z-qaraslari ha'm xaliq ta'repinen ta'lim-ta'rbiya islerin a'melge asiriw tarawinda qollanip kelingen usillari menen jollari, ko'nlikpe ha'm uqipliliqlardin' birligi, ta'jiriybeler tiykarinda toplang'an bilimler baylig'i yag'niy xaliq pedagogikasi xaliqtin' awizeki tu'rde do'retken ha'm da'stu'r sipatinda a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatirg'an ta'rbiyaliq ta'jiriybelerinin' jiyintig'i.

Shininda da xaliq pedagogikasi da'stu'riy pedagogikaliq ma'deniyat ku'ta' aniq, bay sistemani usinadi. Bunda insandi qa'liplestiriwshi ta'rbiyaliq faktorlar, ta'rbiyaliq usillar menen qurallar ta'rbiya tu'rleri ayriqsha jetkilikli ha'm tu'rli-tu'rlilikke iye.

Xaliqtin' pedagogikaliq bilimlerinin' jetiskenliklerge bay boliwshilig'i, onin' poetikalilig'i, oforizmlik usillar menen beriliwi, mazmuninin' ko'p a'sirlik ta'biyiy tu'rde tan'laniliwi ha'm iriklenip aliniwinin' na'tiyjesi esaplanadi.

Xaliq awizeki shig'armalarinda erte zamanlardan berli o'mir su'rip kiyatirg'an naqil-maqallarda xalqimizdin' danishpanliq oylari, tapqir pikirleri tek jasi kishi g'ana emes, al jasi u'lken adamlar ushin da beretug'in aqillari ja'mlesken, ko'pshilik jag'dayda o'mirge duris sheshimili juwmaq berilgen. Sonliqtan da naqil-maqallar balalardin' keleshegine jol siltewshi jollamaday aqilshi bolip tabiladi. Naqil-maqal oqiw, ta'lim-ta'rbiya protsessinde balanin'

[10] Q.Ayimbetov. Xaliq danalig'i. No'kis, "Qaraqalpaqstan", 1988j., -25 B.

bolsin, ata-ananin' yamasa uliwma jasi u'lken adamlardin' bolsin tiykarg'i o'tkir, ushqir oyli na'siyat qurali esaplanadi. Ha'r bir ta'rbiyashinin' «Bilegi ku'shli birdi jig'adi, bilimi ku'shli min'di jig'adi» dep aytqaninin' o'zi bilimge umtiliwshiliq, onin' ushin «Iyne menen qudiq qazg'anday» erinbey oqiw kerekligin, «ha'reketke bereket» dep ha'reket ete beriwinin' na'tiyjesinde iygilikli isti alg'a qaray o'rley beriwge bolatug'inina isenimin arttiradi.

Qaraqalpaq xaliq awizeki do'retpelerinin' u'lken bir bo'legin naqil-maqallar quraydi. Naqil-maqallar jeke adamdi qa'liplestiriwde oni ja'miyetlik minez-quliq normalarina sa'ykes jetilistiriwde elewli orin iyeleydi. Naqil-maqallar ta'lim-ta'rbiya salasinda tiykarg'i ta'rbiyaliq qural sipatinda o'tmishte ata-babalarimiz ta'repinen bala ta'rbiyasinda qollanilip kelgen. Balani ha'r ta'repleme jetik insan etip ta'rbiyalawda paydalanilip kelgen danaliq so'zler sanalg'an naqil-maqallardi ha'r ta'repleme u'yreniw ha'm izertlew bu'gingi ku'nde de dawam etpekte.

Ta'lim-ta'rbiya xaliqtin' tariyxiy rawajlaniwi menen tig'iz baylanisqa iye. Insan turmisi neshe a'sirler dawaminda rawajlaniwdin' negizi, abiroyi bolip, adamlar ortasindag'i ha'r qiyli mu'na'sibetlerge miynetke, ja'miyetke, jasaw qag'iydalarina tiykar salip ta'rbiyaliq mazmunin jaratti. Erte da'wirlerde balalar ata-anasinin', u'lkenlerdin' ka'sip-ka'ri, bilim o'nerin u'yrenip, ku'ndelikli turmis ushin za'ru'rli talaplardi orinlap otirg'an. Usi barista ta'lim-ta'rbiya aliw da'stu'rleri ju'zege shig'ip otirg'an. Ta'rbiyaliq da'stu'rlerdin' payda boliw printsipleri belgili da'rejede turmis sha'rayati ha'm za'ru'rlikleri menen ja'miyetlik ortaliqta adamlardin' a'dep-ikramliliq normasina aylanip barg'an.

Mine, usinday a'dep-ikramliliq normalarinin' bir ko'rinisi bolg'an naqil-maqallar jaslardin' du'n`yag'a ko'z-qarasin, a'dep-ikramliliq, miynet ha'm basqa da ja'miyetlik turmistin' rawajlaniwinin' barisin qa'liplestiriwde izbe-iz, ruwxiy ha'm ma'deniy jaqtan ta'sir ko'rsetiwdin' sha'rti bolip esaplanadi.

Qaraqalpaq xalqinin' milliy qa'diriyatlarinan esaplang'an xaliq awizeki do'retpeleri sonin' ishinde naqil-maqallardin' ta'rbiyaliq ta'sirin u'yreniw jeke adamnin' uliwma adamshiliq ha'm milliy miyraslardi u'yreniw ha'm olardi qa'liplestiriwge qaratiladi.

Naqil-maqallar xaliqtin' a'sirler boyi puxtalap, atadan balag'a saqlap kelgen hasil g'a'ziynesi. Oni o'zlerinin' miynet ta'jiriybelerinin' jiyintig'i. a'diwli oy-pikirlerinin' tu'yini. Danaliq so'z marjanlarinin' tat bolmaytug'in tinig'i retinde jetilistirgen. Naqil-maqallar ko'binese poetik formag'a iye bolip, ko'pshilik so'z sheberlerinin' oy eleginen o'tip shin'lanip barip shiqqanliqtan tili o'tkir ha'm og'ada ko'rkem boladi. Olar o'zlerinin' turmisqa iykemliligi, uzaq oylardi qisqartqan ko'lemlinin' shag'inlig'i ja'ne pikirdi isenimli etip bayanlawdin' o'tkir qurali boliwi usag'an qa'siyeti menen awizeki xaliq do'retpelerinin' basqa tu'rlerinen ayriqshalanadi. Bular jumbaq, ertek, juwap-aytis, da'stanlarday arnawli tayarliqti talap etpeydi. Birew az biledi, birew ko'p biledi, qisqasi ha'r kim o'z bilgenin iretli jerinde ko'rkem so'zdin' qistirg'ish gu'li etip paydalanan beredi. Naqil maqal qollanbay so'yleytug'in adam joq, «so'zdin' ko'rki naqil», «naqildi bir aytpasa aqilsiz aytpaydi, aqilli adam a'n'gimesin naqilsiz aytpaydi». So'zdin' ba'nt basari da'liyli sipatinda qollanip, ku'ndelikli so'ylew praktikasina teren' tamirlasip da'stu'rge aylang'an.

Naqil maqallar xaliq awizeki do'retpeleri ishinde xaliq turmisina. Onin' salt-da'stu'rlerine, sonin' ishinde bala ta'rbiyasina da o'z ta'sirin tiygizetug'in janr sipatinda ayrimlanip turadi. a'yyemgi da'wirden baslap ta'lim-ta'rbiya protsessi arnawli pa'n sipatinda qa'liplespegen da'wirde ata-babalarimiz bala ta'rbiyasinda xaliq awizeki do'retpelerin paydalang'an halda ta'rbiyalap kelgen. Xaliq awizeki do'retpelerinin' bir janri sipatinda naqil-maqallar o'zinin' iqshamlilig'i, tili o'tkirligi, ma'niligi menen ayriqshalanip turadi. Naqil-maqal atqaratug'in xizmeti adam menen adam arasindag'i qarim-qatnaslardi ko'rsetedi. Sonin' menen bir qatarda ja'miyetlik ha'm ta'biyat qubilislari menen

u'rp-a'det, salt-sana, ta'lim-ta'rbiya, ja'miyetlik moral`, minez-quliqtin' normalarin bir so'z benen aytqanda, xaliq turmisinin' aynasi, adamgershilik qag'iydalarinin' shejiresi sipatinda qa'liplesken. Naqil-maqallar aytilmaytug'in so'z. Ashilmaytug'in sir joq, derlik turmista bar waqiyalardin' ba'rinin' de o'zie ilayiqli boyawi, orni, bahasi beriledi.

Naqil-maqallar ta'lim-ta'rbiya qurali sipatinda tu'rlishe qollanilg'an. Onda jaqsiliq penen jamanliq dos penen dushpan, ashshi menen dushshi, hadal meneen haram, sanaliliq penen sadaliq usag'an tolip atirg'an turmis detal`lari salistirilip ko'rsetiledi. Uliwma turmis yamasa adamgershilikke min bolatug'in jarasiqsiz zat yaki qubilislardi qatti sing'a aladi. A'dillik, ar-namistin' tazalig'i taptirmaytug'in bayliq retinde bahalap keleshek a'wladqa na'siyat etip qaldiradi ha'm usilar arqali balalardi adamgershilikli, sanali, aqilli etip ta'rbiyalawg'a bag'darlaydi. Sonday-aq naqil-maqallar tirishiliktin' tiykari bolg'an miynetti su'yiw, ilim-o'ner u'yreniw, a'dep-ikramli boliwg'a shaqiradi. a'r na'rseni o'z waqtinda islewdin' a'hmiyetin tu'sindiredi. Ma'selen` «Qalag'an iske qar jawar», «Miyneti qatti bolsa. Jemisi tatli boladi», «Miynettin' ko'zin tapqan baxittin' o'zin tabadi», «Adamnin' qoli gu'l, man'lay teri nur», «Ha'reket etpey, bereket bolmaydi», «En'bek etsen' emerse»[11] ha'm t.b.

Xaliq awizeki do'retiwshiliginin' bul janrinin' termin sipatinda qa'liplesiwine na'zer taslasaq, ilimpazlardin' ko'pshiligi. Arablardin' Orta Aziya ha'm Qazaqstan dalalarina keliwi menen, usi territoriyalarda jasawshi tu'rk tilles xaliqlarg'a arab tilinin' ta'sirinde o'tken dep tastiyiqlaydi.

«Maqal» so'zi bizin' tilimizge arablardan kirgen. Bunin' ma'nisi «orinli so'z» yag'niy «tiyisli orinlarda aytilg'an so'z».

Geypara ilimpazlar usinin' da'liyli sipatinda ertedegi a'debiy miyraslardi ko'rsetedi. XI a'sirdin' belgili esteliklerinen esaplang'an Axmed Yassaviydin' "Devani hikmat"[12] ha'm Maxmud Qashqariydin' «Devonu lug'otit turk»

[11] Qaraqalpaq fol`klori. Qaraqalpaq xaliq naqil-maqallari. IV T. N.,"Qaraqalpaqstan", 1978 j.

[12] Axmed Yassaviy. Devani hikmat. T., «Gafur G'ulam», 1992 y.

kitabinda og'ada ko'p naqil-maqallardin' u'lgileri bar ekenin ko'rsetiw menen qatar toniko'ktin' hu'rmetine ornatilg'an eskertkishte ko'rkem ten'ewler, epitetler, metaforalar, naqil-maqallar, oforizmler ko'p ushirasadi.

Bul janr ha'mme xaliqlarda da bar. Biraq ha'r xaliqta ha'r tu'rli terminler menen beriledi. Solardin' ishinde tu'rk tilles xaliqlardin' ko'pshiliginde ayirim fonetikaliq o'zgeshelikleri bolmasa, o'z-ara bir-birine og'ada jaqin keledi. O'zbekler «maqol», tu'rkmenler «naqil ve atalar so'zi», qirg'izlar «naqil-maqallar», qazaqlar «maqal-ma'tel» deydi. Al bizde bul terminnin' «hikmetli so'z», «misal so'z», «na'siyat so'z» siyaqli variantlari da bar. Qaysi xaliq qalay atap, qansha variantlarii bolsa da, ba'rinin' ma'nisi bir. Ata-babalarimizdan qalg'an hasil so'z, danaliq tapqirliqtin' sha'shmesi dep hu'rmetlenedi. Ko'pshiligi «atalar so'zi-aqildin' ko'zi» deydi. Bul bir jag'inan naqil-maqallardin' tag'i bir atamasi bolsa, ekinshi jag'inan xaliqtin' bergen bahasi bolip esaplanadi. Qaraqalpaq xaliq naqil-maqallari o'z-ara mazmun, a'sirese usi mazmunliq o'zgeshelikti payda etetug'in qurilis o'zgesheligine qaray parqi bilinedi. Naqildin' qurilisindag'i so'zler da'l aniq ma'nis bildiredi. Sonliqtan ondag'i so'zler tin'lawshig'a aqil-u'git-na'siyat siyaqli esitilip, hesh qanday tu'sinikti talap etpeydi. Bilayinsha aytqanda turmis ha'diyseleri menen waqiya o'zgesheliklerin tuwrilap naqma-naq juplastirilip aytilg'an ma'nili so'zlerdi naqil so'zler dep atawg'a bolar edi. Al maqaldin' qurilisina kirgen so'zler awispali astarli ma'nis an'latadi. Sonliqtan ondag'i so'zlerdin' ma'nisi ha'r qanday jag'dayg'a baylanisli awistirilip qollaniwg'a, tu'siniwge bola beredi. Onda im-isharat timsallap so'ylew basim boladi. «Qizim sag'an aytaman, kelinim sen tin'la» siyaqli qulaq-qag'i arqali iske asiradi.

Maqalg'a ta'n tag'i bir qa'siyet, ol tuwra ga'pti tek timsal ga'pke almastiradi. Geypara jag'dayda zattin' atin atamaydi. Biraq sha'rtli tu'rde basqa zat arqali jetkeredi. Uliwma alg'anda, bulardin' birewi turmisti aniq naqma-naq ko'rsetse, ekinshisi astarli awispali ma'niste su'wretleydi. Biraq so'zdin' barisinda eskerte ketetug'in bir na'rse geybir naqildin' qurilisindag'i so'zler

tikkeley o’z ma’nisin bildirip turip-aq, awispali ma’ni shig’ara beretug’inlari bar. bul ha’mme xaliq naqil-maqallarina ta’n qa’siyet bolsa kerek.

Janli tilde ayirim naqil-maqallardin’ bir-birine ju’da’ jaqin kele beriw qa’siyetin ko’rsetip, rus izertlewshisi Snegirov` «Bazibir maqallar naqildan, bazibir naqillar bolsa, kerisinshe maqallardan kelip shig’adi»-degen edi.

«Baqirawiq tu’yenin’ bari jaqsi, baqirip turg’an onnan da jaqsi», «Qazanshinin’ erki bar, qaydan qulaq shig’arsa», «Qiymildag’an qir asar, bu’lkildegen jer teser», «Tapqan birewin soyadi, tappag’an ekewin soyadi» h.t.b. bul keltirilgen naqillardag’i so’zler tikkeley o’z ma’nisin an’latiw menen qatar, olardag’i astarli awispali ma’nisler tekstegi so’zlerden kem soqpaydi ha’m ayasi anag’urlim ken’. bunday da’rejege ko’teriliwi ha’r bir naqil maqallardin’ uzaq o’mir su’riwi ushin, onin’ qurilisina kirgen so’zlerdi bir neshe min’ jillar dawaminda islep shin’lawin jetkizgenligin ko’rsetedi. O’ytkeni naqil-maqallar tek jeke adamlardin’ g’ana emes, pu’tin bir xaliqtin’ ku’shi menen ha’r bir so’zdin’ tulg’asi torlanadi. Oni keyingi a’wladlarg’a aqilgo’y ustaz, u’lgi etip paydalana beriwge usinadi.

Xaliq danalig’i ta’lim-ta’rbiya protsessinde sheshiwshi a’hmietke iye. Olar qaldirg’an na’siyat so’zler a’sirler boyi ko’p g’ana a’wladlardin’ turmisinda o’z bahasina iye bolg’anlig’i ma’lim. Ata-analar ta’rbiiyashi sipatinda balalar menen ja’miyet ortasinda yag’niy jas a’wlad wa’killeri menen jasi u’lkenler ortasindag’i baylanistiriwshi tulg’a retinde qatnasadi.

Xaliq pedagogikasinda bala ta’rbiyasi qanshelli erte baslansa, onin’ na’tiyjesi sonshelli mazmunli boladi. Usi sebepli bala tuwiliwdan oni ta’rbiyalaw qolg’a alinadi. Ana ha’m a’ke na’restenin’ a’piwayi ata-analari bolip qalmastan, olardin’ ta’rbiyashisi sanaladi. Sonda g’ana olar o’zlerinin’ minnetin` ata-ana degen juwapkershilikli minnetin aqlag’an boladi. Ta’rbiyada analardin’ xizmeti o’z aldina oring’a iye. Buni minaday misallardan ko’riwge boladi` «Anasin ko’r de qizin al», «Anasi o’lgen jetimge qaytip ana tabilmas. Kempir apasi o’lgen jetimge anasi bawirman», «Ananin’ kewli balada, balanin’

kewli dalada», «Ene qa’dirin bilgen, ene so’kpeydi», «Ata ko’rgen oq jonar, ene ko’rgen ton pisher».

Qaraqalpaq xaliq pedagogikasinda jas a’wladqa ta’rbiya beriwshilerge hu’rmet izzet ko’rsetiw lazimlig’i haqqinda aqil-na’siyat, ken’esler berilip kelingen. A’sirese, en’ jaqsi ta’rbiyashilar ko’pti ko’rgen jasi ullilar, kempir g’arrilar sanalg’an. «Atadan alsan’ teberik, saqla oni dim berik», «Ata so’zin arsiz qaytaradi», «A’ken’ o’lsede a’ken’di ko’rgen o’lmesin».

Naqil-maqallarda biz ko’binese tayin ha’zir juwmaqlardi ko’remiz. Biraq bul ha’zir juwmaqlar oy-pikirdin’ aqiri bolmastan, kerisinshe. Ol jan’adan jan’a oylar ushin tayanish ha’m olardin’ baslamasi retinde xizmet atqaratug’inlig’i ma’lim. Naqil-maqallar ayirim konkret jag’daylarinda juwmaqlawshi xizmetin atqarip kelse, al geypara waqitlarda jan’a problemalardi aldimizg’a qoyadi. Naqil-maqallardin’ qunlilig’in olardin’ ishki ma’nisinin’ teren’lik sirlarin toliq ashqanimizda g’ana bizge tu’siniklii boladi. Xaliq arasinda naqil-maqallardi ha’r qanday pikirler ju’rgiziwde, o’z-ara gu’rrin’lerde tartislarda ken’nen qollanilg’anlig’i belgili.

Naqil maqallar pedagogikaliq bilimlendiriw materiallari xizmetin atqariw menen birgelikte balalar haqqinda bilim ha’m ta’rbiya boyinsha xaliq pedagogikasi danalig’inin’ negizin quraydi. Bul o’zinshe bir xaliqtin’ a’deplilik pedagogikaliq kodeksi xizmetin atqaradi. Bul kodeks o’zinin’ barliq mayda shu’ydelerine deyin xaliq ta’repinen teren’ oylanip tayarlanilg’an. Konkret jag’daylar sipatlamasin jasaw uliwma pedagogikaliq oy-pikirler ju’rgiziw, ko’pshilik waqitlari naqil-maqallardin’ qollaniliwin talap etedi. «min’di tanig’ansha birdin’ atin bil». «Ashiw araz aqil dos», «toyg’a barsan’ burin bar. burin barsan’ orin bar», «Dos jilatip aytadi, dushpan ku’ldirip».

Naqil-maqallardag’i jekke adamg’a ta’n unamli ha’m unamsiz sipat belgileri ta’rbiyalawdin’ maqseti retinde adamlardin’ minez-qulqin ha’m xarakterin ha’r ta’repleme jaqsartiwdi na’zerde tutadi. Naqil-maqallardin’ basim ko’pshiligi jaqsiliqqa shaqiriwshiliq xizmetin atqaradi.

Xaliq pedagogikasinda naqil-maqallardan tisqari naqil termelerde ko’plep ushirasadi. Naqil termeler tariyxiy figuranin’ yamasa waqiyanin’ atin zatin sipatlap otirmaydi. Ol qisqa dujirimli, teren’ pitken oyg’a quriladi. Naqil termeler de xaliq awzinda ko’p tarag’an. Qurilisi jag’inan xaliq naqil-maqallarina usaydi. Biraq, a’dettegi naqil-maqallarday qisqa g’ana aytilip qoymastan. Shubirtilip sozin’qilaw, termelep atqaradi. Naqil termelerdin’ ta’rbiyaliq a’hmiyeti ulli. Onda bala ta’rbiyasina tiyisli barliq a’dep-ikramliliq qa’siyetleri a’jayip jaqsi isleri aship ko’rsetiledi.

«Sheberdin’ zati o’lmeydi,
Adamnin’ xati o’lmeydi,
Sheshennin’ so’zi o’lmeydi,
Batirdin’ dan’qi o’lmeydi» yamasa
«Uyqilamasan’ qabaq jaw,
Ishpey ju’rsen’ tamaq jaw,
Jirtiq u’yge tamshi jaw»

Jaqsi menen jamandi tanip biliw, jaqsidan u’yreniw , oni hu’rmetlew, jaqsi qa’siyetti o’zine qabil etip, adam boyina jaqsi sezimlerdi toplaw, jamannan qashiw, dushpandi jek ko’riw qusag’an ma’seleler naqil termelerinde ken’ tu’rde so’z etiledi.

„A’zelden dushpan el bolmas
etekti kessen’ jen’ bolmas”
„Jaqsi bolsa inisi”
„Ag’anin’ kewlin qaldirmas”
„Eki jaqsi bas qossa,
qil o’tpeydi arada,
eki jaman bas qossa,
qol ketpeydi jag’adan”
„Kese belden baylanbas
Ha’mel etin’ sag’adan”

„Iyt asirasan’ sirtlannan ,

Qoydi bermes qoradan”

usag’an naqil termeler adamdi sipayi sezimler menen, hasil qa’siyetler menen bayitadi. Jas a’wladti ja’miyetke paydali miynet su’ygish, adamgershilikli adam bolip jetisiwge umtildiradi.

Naqil termeler teren’ filosofiyaliq ma’nige qurilg’an lirikaliq qosiqlar bolip, ol xalqimizdin’ ruwxiy azig’i esaplanadi. Keleshek a’wlad onnan estetik zawiq, a’dep ikramliliq ta’rbiya aladi.

Xalqimizdin’ u’rp-a’det da’stu’rlerinde a’yyemgi da’wirlerden berli perzenttin’ ata-anag’a hu’rmeti, qa’dir-qimbati, a’dep-ikramlilig’i joqari da’rejede turadi. Sonliqtan da xalqimizdin’ keleshegin, jaslardin’ ta’g’dirin oylap, bizden aldin’g’i a’wladlardin’ ta’rbiyaliq u’rp-a’det da’stu’rlerin, xaliq awiz eki do’retpelerinin’ biri bolg’an da’stanlardi ken’nen u’yreniwge ha’m olardin’ ornin basip islerine sadiq boliwimiz mu’na’sip da’rejede olardi dawam etip bariwimiz za’ru’r. Ga’rezsizlik bizge milliy qa’diriyatlarimizdi qaytarip bergen eken, biz, pedagoglar aldindag’i basli waziypa milliy u’rp-a’det. milliy qa’diriyatlarimiz tiykarinda jetik ta’rbiyalang’an milliy kadrlardi jetilistiriwdin’ tiykarin quriw bolip tabiladi.

Erte zamanlarda ertek, qosiq, a’psana, da’stanlar barmaq bu’gip sanag’anday sanawli estetikaliq qural edi. Olardag’i saat sayin o’sip otirg’an batirlar, on to’rt ku’nlik ayday go’zzal malikalar, ushar atlar. Ja’nnet ma’kan bag’lar a’wladlarimizdin’ kewlin tinishlandirg’an Naqil-maqallar siyaqli filosofiyaliq mazmung’adag’i shig’armalar insanlardi jaswg’a u’yretken jas a’wladti ta’rbiyalaw qurali bolg’an. Sonliqtan da O’zbekistan Respublikasi g’a’rezsizlikke erisken da’wirden baslap, o’zinin’ milliy qa’diriyatlarina u’yreniw, onnan ku’ndelikli turmisimizda ken’nen paydalaniw imkaniyati jaratildi. Ga’rezsizlik milliy da’stu’rler, ruwxiy qa’diriyatlarimizdin’ tikleniwi ha’m adamlardin’ miliy sanalig’inin’ qa’liplesiwi Prezidentimiz I.Karimovtin’ aytqaninday «Xalqimizdin’ ruwxiy ag’artiwshiliq tiykari-keleshek

ma’mleketimizdin’ tayanishlari ju’da’ a’yemgi ha’m bekkem» Usinday milliy qa’diriyatlardi ta’lim-ta’rbiya protsesinde qollaniw bu’gingi pedagog-oqitiwshilar ata-analar ha’m ja’miyetshiliktin’ aldindag’i tiykarg’i waziypalari bolip esaplanadi. Uliwma insaniyliq qa’diriyatlar ishinde elewli orindi isleytug’in tu’ri xaliq pedagogikasi esaplanadi. Xaliq pedagogikasi bul xaliqtin’ a’sirler dawaminda atadan balag’a o’tip keyatirg’an biybaha miyrasi onda xaliqtin’ bay awzeki doretpeleri urp-a’det ha’m da’stu’rleri ja’mlengen. Xaliq awizeki do’retiwshiliginin’ ba’rliq tu’rleri ta’lim-ta’rbiya protsesinde ta’rbiyanin’ barliq tu’rlerinde qollanilip kelgen. Ha’zirgi ku’nde de bala ta’rbiyalawda xaliq pedagogikasinin’ bay ta’jiriybelerinen ken’nen paydalanilmaqta.

Fol`klor xaliq awizeki do’retpelerinin’ ilimiy atamasi esaplanadi.

Xaliq awizeki do’retiwshiliginin’ u’lken bo’legin naqil-maqallar quraydi. Naqil-maqallar xaliqtin’ neshe min’ jillar dawaminda puqtalap kir juqtirmay atadan balag’a o’tkerip saqlap kiyatirg’an hasil du’n`yasi. Qaraqalpaq xaliq naqil-maqallari o’z-ara ma’jbu’r o’zgesheligine qaray parqi bilinedi. Naqildin’ qurilisindag’i so’zler dep onin’ ma’nisin bildiredi. Sonliqtan ondag’i so’zler tin’lawshig’a aqil, u’git-na’siyat siyaqli esitilip xeshqanday tu’sinikti talap etpeydi. Al maqaldin’ qu’rilisina kirgen so’zler awispali astarli ma’nis an’latadi. Sonliqtan ondag’i so’zlerdin’ ma’nisi ha’r qanday jag’dayg’a baylanisli awistirilip qollaniwg’a tu’siniwge bola beredi. Maqalg’a ta’n tag’i bir qa’siet, ol tuwra ga’pti tek timsali ga’pke almastiradi.

Uliwma alg’anda bulardin’ birewi turmista aniq naqma-naq ko’rsetse, ekinshisi astarin awispali ma’niste su’wretleydi.

«O’zbekistan-keleshegi ulli ma’mleket», «Barkamal awlad O’zbekistannin’ negizi» der ekenbiz a’wladlarimizdin’ miyrasina bolg’an mu’na’sibetlerimizdin’ haqiyqiy ta’rizde o’z sa’wleleniwin tabadi.

Xaliq do’retpeleri jas o’spirimlerge ju’da’ tu’sinikli bolip balalar oni tez o’zletiredi ha’m u’yrenip, tu’sinip aladi. Sebebi, olardi xalqimizdin’ arziw-

a’rmanlari umit-tilekleri, turmis tirishiligi a’piwayi ha’m qiziqli etip su’wretlenedi. Sonday-aq olarda su’wretlengen waqiyalar menen ha’diyseler ku’ndelikli turmista da jiyi-jiyi ushirasip turadi. Xaliq do’retpeleri arqali ta’rbiyalang’an bala o’zin qorshag’an du’n`ya ha’m turmis shinlig’in duris tu’siniwge u’yrenedi.

Balalarg’a fol`klorliq shig’armalar u’lken quwanish ha’m la’zzet bag’ishlaydi, olarda qosiq, taqmaq, ertek, jumbaq, naqil-maqal, jan’iltpash ha’m sanamaqlardi aytip u’yreniw talabin oyatadi. Sonday-aq xaliq do’retpeleri oqiwshilardin’ aqiliy ha’m a’dep-ikramliliq sipatlarin qa’liplestiredi ha’m rawajlandiradi. A’yyemgi da’wirlerden-aq shig’is xaliqlarinda usinin’ biri qaraqalpaq xalqinda a’dep-ikramliliq ha’m adamgershilik ma’seleleri ta’rbiyada basli orin iyelep, xaliq balalarg’a a’deplilik uyretiwde tiykarinan o’zlerinin’ turmisliq ta’jriybelerine su’yenip otirg’an.

Ata-babalarimizdin’ a’dep-ikramliq da’stu’rleri ha’r ta’repleme ta’rbiyalawdi o’z ishine alip olarg’a a’dep ha’m bilim u’yretiw za’ru’r ekenin tu’sindiredi. Sonday -aq ta’rbiyaliq u’rp-a’detlerde a’dep ha’m a’depsizlik parqin an’lap bilip olardi qarama- qarsi salistirip ajiratiw arqali a’depliliktin’ ne ekenin tu’sindiriw usillarin oylap tapqan. Xaliq «A’deptin’ ne ekenin a’depsizdi ko’rgende bilesen’»,-dep u’yretip barg’an.

Balalardi a’dep-ikramliqqa ta’rbiyalawdin’ mazmuni onin’ sapasi menen ko’rinetug’inin xaliq jaqsi bilip otirg’an ha’m barliq waqiya bunday a’dep ikramliliq sapalarin o’zinin’ elin su’yiwshiligi xalqina muhabbati, doslig’i menen bayitip kelgen. Xaliq pedagogikasi bul xaliqtin’ awiz-eki tu’rde jaratqan qosiq, da’stan, naqil-maqallari, u’rp-a’detler, da’stu’rler jiyindisi bolip bular ha’zirgi jaslardi ta’rbiyalawda u’lken a’hmiyetke iye. Xaliq awiz-eki do’retpesi erte zamanlardan beri xaliq pedagogikasinda birden bir ta’rbiyaliq da’stu’rlerdi o’zine ja’mlep alg’an qu’diretli qural bolip keldi.

Juwmaqlap aytqanda, naqil-maqallar balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda xaliq padagogikasinin’ en’ bir a’hmiyrtli janrlarinin’ biri

bolip ol ta'biyat zatlari menen haywanatlar du'n`yasi, turmistin' barliq detallarina shekem bir-birine uqsamaytug'in  o'shpes boyawlar menen nag'ishlay aladi.

## 2.2. Balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda a’dep ikramliliq qa’siyetlerdi ta’rbiyalaw jollari

O`zbekstan Respublikasi o`z g`a`rezsizligin alg`an erkin, azat ma`mleket boliwi menen tilimiz, dinimiz, u`rp-a`detimiz ha`m ruwxiy o`timshimizdi u`yreniw boyinsha ko`p g`ana jumislar a`melge asirilip atir. Prezidentimiz I.A.Karimov: «Ata-babalarimizdin` pa`k ruwxi, u`rp-a`deti, bizlerdin` en` jaqsi da`stu`rlerimiz qayta tiklengende g`ana reformalar tabisli a`melge asiriladi. Bilimli, ruwxi bay, ku`sh-quwatli adamlar keleshek rawajlaniw jolin basip o`te aladi. Bul jolda ata-babalarimizdin` qa`diriyatlari o`zgerislerdin` bekkem tiregi bolip xizmet etedi»[13], dep atap ko`rsetken edi.

A’dep-ikramlılıq o’lshemlerdi biliw ha’m olarg’a a’mel etiw ortasındag’ı parıq insan a’debinin’ su’wretlemesi sanaladı. A’dep insannın’ a’tiraptag’ılar menen boln’an qatnası, sa’lemlesiw, u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet, ja’miyetshilik arasında ha’m shan’araqta o’zin tuta biliwden baslanadı. Mine, usınday ortalıqtag’ı a’dep-ikramlılıq qa’siyetlerdi balalarg’a sin’diriwde xalıq awızeki do’retpeleri bolg’an ertek, ha’dislerden paydalang’an halda o’tkeriw maqsetke muwapıq. Sebebi, kishi jastag’ı balalar ko’binese, ertek, ha’dis aytıp beriwdi jaqsı ko’redi. Olarg’a ertek qaharmanları, olardın’ xarakterleri, is-ha’reketleri, jaqsılıq-jamanlıq, hadal-haram, dos-dushpan kibi qa’siyetlerdin’ hasıl ma’nisin ashıp ko’rsetiwge imkan jaratadı.

Sonin menen birge, moral`liq oy-pikirler ha`m bahalawlardi rawajlandiriw za`ru`r, biraq bul a`dep-ikramliliqti rawajlandiriw ushin jetkiliksiz boladi. En` baslisi-moral`din` normasi balanin` haqiyqiy o`zin tutiwin ta`rtiplestire baslaytug`in sharayat du`ziw, yag`niy a`dep-ikramliliq sanasi menen a`dep-ikramliliq jaqtan o`zin tutiwi arasinda baylanis ornatiw bolip tabiladi. Balanin` sanasi na`tiyjeden normani orinlaw protsessine o`tedi ha`m ol normanin` o`zi ushin-aq oni saqlaydi, sebebi basqasha ha`reket ete almaydi. Al

---

[13] Islam Karimov. Joqari ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh. T.:«Ma`naviyat», 2008j.

normani saqlaw bolsa mektepke shekemgi jastag`i bala ushin emotsionalliq bekkemleniw bolip ha`reket etedi.

Son`g`i jillar ishinde elimizdegi ja`miyetlik qayta quriwlardin` barisi xaliqtin` siyasiy-ekonomikaliq ha`m sotsialliq turmisindag`i jan`alaniwlar insan o`mirinde ko`z-qarasi ha`m minez-quliqinda belgili o`zgerislerdi payda etip atir. Haqiyqatinda da milliy ta`rbiyaliq da`stu`rlerdin` ruwxiy du`n`yamizdi ja`ne de teren`lestirip keleshekke isenim, mehir-muhabbat arttiriwi xaliq da`stu`rleri menen u`rp-a`detlerinin` ja`miyetlik turmistag`i orni ha`m a`hmiyetinin` o`mirshen`ligin ko`rsetedi.

Bu`gingi ku`ni ata-babalarimizdin` u`rp-a`det ha`m saltinin` dawami, turmis qa`lbinin` timsali bolip ko`ringen xalqimizdin` basip o`tken uzaq o`tmishi, tariyxiy jolin, a`sirese ta`lim-ta`rbiyaliq da`stu`rlerin u`yreniw ha`m oni ha`zirgi turmisimizda paydalaniw za`ru`rlikleri ju`zege keldi.

Usig`an baylanisli, mektepke shekemgi jastag`i da`wirde de balani rawajlandiriw sharayatlari bunnan aldin`g`i jas basqishindag`i sharayatlardan a`dewir o`zgeshelenedi. Ja`miyette o`zin tutiwdin` minnetli bolg`an barliq qa`delerin, ja`miyetlik moral`din` normalarin saqlaw tiykarg`i talap bolg`anlig`i sebepli, balanin` o`zin tutiwina eresek adamlar ta`repinen qoyilatug`in talaplar da bir qansha artadi. Qorshag`an du`n`yani biliwdin` o`sip baratirg`an mu`mkinshilikleri oqiwda, miynette eresek adamlar menen o`z-ara qatnasiqlar arqali balanin` qizig`iwshilig`in arttiradi. Bala o`zinin` ten`lesleri menen birliktegi is-ha`reketke kirisedi, o`zinin` ha`reketlerin olar menen kelisip aliwg`a, olardin` ma`plerin ha`m pikirlerin esapqa aliwg`a u`yrenedi. Mektepke shekemgi balaliq da`wirinde onin` is-ha`reketlerinde o`zgerisler ju`z beredi, olar quramaliraq bola baslaydi, bul waqiyalardi qabil etiw, pikir ju`ritiw, eslep qaliw ha`m basqa da psixikaliq protsesslerge g`ana emes, al o`zin tuta biliw uqibina da joqari talaplar qoyadi.

Erte balaliq da`wiri dawaminda qa`liplesken shaxstin` rawajlaniwi ushin a`tirapindag`ilar ta`repinen balag`a ta`sir etiwdin` jan`a metod ha`m usillari u`lken tiykar jaratadi. Rawajlaniw barisinda bala o`zin tutiwdin` jan`a psixologiyaliq sipatlarin ha`m tu`rlerin o`zlestiredi ha`m bunin` na`tiyjesinde ol ja`miyettin` kishkene ag`zasina aylanadi.

Mektepke shekemgi jasta bunnan bilay rawajlaniwg`a ha`m jetilisiwge uqipli bolg`an balanin` ishki du`n`yasi qa`liplesedi, ol ele toliq qa`liplesken shaxs bolmasa da, oni da`slepki ret shaxs dep ataw ushin tiykar jaratadi.

Bu'gingi tu'rkiy xaliqlardin' du'n`ya qarasi, adam ta'rbiyasi ma'selesindegi tu'sinikleri a'sirler boyi qa'liplesti ha'm bayip, ten'selip keldi. Bul tu'siniklerge ruwxiy erkinlik, maraliq tazaliq ha'm o'mirshen'lik ta'n. Xaliqlarimizdin' qanina sin'gen qa'diriyatlardin' abrayin joqari tutiw, olardi qa'sterlew, arzimaytug'in na'rselerge almastiriwg'a jol qoymaw, jas a'wladlarg'a o'mir sabaqlig'i etip usiniw bu'gingi ku'ngi pedagokika iliminin' basli wazipalarinin' biri.

Ha'zirgi da'wirde tu'rkiy xaliqlar, sonin' ishinde qaraqalpaq xalqi o'z ruwxiy du'n`yasinda, pedagokikaliq ko'zqaraslari sistemasinda totalitarliq rejimnin' qisiminan qutilip, o'z milliy qa'diryatlarina tiykarlang'an bag'dar alip, tu'r ha'm mazmun jag'inan jan'a rawajlaniw jolina shiqti. Bul jolda ha'r bir xaliqtin' miliy qa'diriyatlari u'ylestirip, bu'gingi du'n`ya ma'leniyati menen ayaq qosip ju'riw ayiqsha a'xmiyetke iye.

Bu'gingi ja'miyetimiz maralliq jaqtan qayta tuwilip atirg'an da'wirde ertedegi tu'rkiy xaliqlardin' pedagokikaliq ko'zqaraslarin u'yreniw, bul tarawdag'i miyrasimizdin' oziqu'lgilerin ha'zirgi zaman talabina say jan'a ruwqta janlandiriw ha'm dawam etiw bizge a'meliy jaqtan ko'p na'rselerdi bereri so'zsiz. Ja'miyetimizdin' ha'r bir ag'zasinin' joqari a'dep-ikramliliq kelbetin, juwapkershiligin ta'miynlew bu'gingi pedagogikamizdin' a'diwli minneti, bizdi adamgershilikli demokratiyaliq rawajlaniw jolina alip shig'atug'in basli qurallarimizdin' biri.

Mektepke shekemgi jastag`i balalardin` a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi ma`selesi ha`zirgi zaman ja`miyetshiliginde ayriqsha a`hmiyetli orindi iyeleydi. Adamnin` ma`deniyatsizliqqa tu`siwi (ma`deniyatlilig`in joyitiwi) reyimsizlikti keltirip shig`arip, o`sip kiyatirg`an a`wladqa jaqsiliq ha`m jamanliq ug`iminin` o`zgeriwine alip keledi, ja`miyet aldina moralliqtin` to`menlew qa`wipin qoyadi. Sonliqtan, mektepke shekemgi jastag`i balanin` a`dep-ikramliliq sistemasinin` o`zi tu`pkilikli qayta oylap ko`riwdi talap etedi. Ha`zirgi zamanago`y pedagogikadag`i bunday izertlew bag`dari izleniwleri, toliqlig`i ha`m sistemalilig`i boyinsha ta`rbiyanin` aqil, fizikaliq ha`m basqa da tu`rlerine salistirg`anda a`zzi ta`miyinlengen. Eger burinlari mektepke shekemgi ma`kemelerde a`meliyatta a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi ideologiyaliq standartlar menen belgilenip, ayirim a`dep-ikramliliq normalari (kishipeyillik, etika qa`deleri) menen tanisiw sheklengen bolsa, al a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi usillari balag`a sirttan ta`sir jasaw (isendiriw, ug`indiriw, etikaliq gu`rrin`lesiwler usili)g`a tiykarlandi, al bu`gingi ku`nde a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mazmunin belgilewdin` basim kelgen bag`dari - haq kewillilik, a`dalatliq, adamgershilik siyaqli uliwma insaniyliq miyraslar xizmet etiwi tiyis.

Balalardin` a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mashqalalarin izertlew qatnaslarinin` ko`p boliwina qaramastan olardin` a`dep-ikramliliq sanasinin` qa`liplesiw ha`m rawajlaniw mexanizmleri jeterli da`rejede aniqlanbawinsha qalmaqta, onin` mazmunin ha`m texnologiyasin jetilistiriw ushin resurslar jetkilikli da`rejede ko`rsetilmegen. Sonday-aq tiyisli pedagogikaliq jumislar barisinda balalarg`a ko`rsetiletug`in jeke qatnastin` mu`mkinshilikleri menen o`zgeshelikleri jetkilikli u`yrenilip shig`ilmag`an.

Mektepke shekemgi jastag`i balalardin` a`dep-ikramliliq sanasinin` qa`liplesiw kontseptsiyasinin` pedagogikaliq negizleri – anag`urlim a`hmiyetli ilimiy ha`m ilimiy-metodikaliq ideyalar, tiykarlar, kontseptsiyalar bolip esaplanadi. *Olar:*

- balalardin` a`dep-ikramliliq ta`rbiyasinin` mu`mkinshilikleri ha`m o`zgesheliklerin aship beriwshi ko`z-qaraslar sistemasi;
- mektepke shekemgi jastag`ilar ta`repinen a`dep-ikramliliq bilimlerinin` o`zlestiriliwi;
- minez-quliq normalari ha`m ta`rtipleri haqqinda tu`siniklerdin` qa`liplesiwi; a`dep-ikramliliq sezimleri ha`m ta`sirlerdin`, adamgershilik qatnaslardin`, a`dep-ikramliliq xizmetke bag`darlang`an ta`rbiyaliq jumislardin` rawajlaniwi ha`m usi tiykarda tiyisli pedagogikaliq xizmetke sa`ykes mazmunlardin`, qurallardin`, usillardin` ha`m metodlardin` tan`lap aliniwi bolip tabiladi.

Mektepke shekemgi jastag`i balalardin` a`dep-ikramliliq ta`rbiyasinin` qa`liplesiw kontseptsiyalarinin` du`zilisi sotsialliq-pedagogikaliq, etikaliq-filosofiyaliq, psixologiyaliq ha`m pedagogikaliq tiykar uliwma rawajlandiriwdin` jeke varianti sipatinda emes, al balanin` ishki a`dep-ikramliliq ken`isligin ko`re biletug`in pedagogikaliq xizmettin` joqari ma`nisi sipatinda ko`zge taslanadi.

Sonliqtan, ta`rbiyashi basqalardin` kemshiliklerine shidamli boliwg`a, jag`imsiz ha`reketlerdi keshiriwge, birlesiwge, sho`lkemlestiriwge u`yretedi. Ta`rbiyashilardin` balalar menen en` jaqsi qatnasiqlarinin` o`zi de balalar ta`repinen birgelki qabil etilmeydi: eresek-ta`rbiyalaydi, u`yretedi, u`yrenedi, bala-boysinadi.

Balalar baqshalarinin` ta`rbiyalaniwshilarinin` turmisinin` sho`lkemleskenligi, qiziqlilig`i ha`m mazmunliliq`in ta`miyinlew ushin ta`rbiyashilar jas o`zgesheliklerine qaray toparlarda ha`r qiyli oyinlardan paydalanadi. Ishki, jasirin sipattag`i do`retiwshilik oyinlar balalarg`a ha`reketlerde u`lken erkinlik beredi; oynawshi ja`ma`a`t aldindag`i waziypalarinda tayar mazmun ha`m ta`rtipler oyinlarg`a qarag`anda kemirek belgilengen. Bul oynawshilardin` syujetti an`sat o`zgertip, qosimsha rol`ler kirgiziwine ha`m t.b. mu`mkinshilik beredi. Do`retiwshilik oyinlar balalarda

u`lken qizig`iwshiliq oyatip, olarg`a ta`sir ko`rsetedi, degen menen tek usinday oyinlardan paydalaniw qa`te bolg`an bolar edi. Balalardin` oyinlardin` ta`rtibin men`geriwi sho`lkemlestiriwshiligi u`lken a`hmiyetke iye. Ta`rtip ha`reketlerdin` belgili normalarin belgilep beredi, son`inan balalardin` bir-biri menen qatnas normasin da belgileydi, bul balanin` o`z-o`zin ha`m o`zi menen oynawshi basqalardi da qadag`alawg`a alip keledi. Qa`delerdi orinlawdin` emin-erkinligi balalardi maqsetke bag`darlang`an ta`rbiyaliq oyini barisinda qa`liplesedi. Bala oyin oynaw barisinda balalar ja`ma`a`ti menen belgili da`rejedegi o`z-ara qarim-qatnasta boladi. Oyinnin` ja`miyetlik ta`siri balalar arasindag`i oyin barisinda qa`liplesedi.

Solay etip, pedagoglar menen ta`rbiyashilar oyinda balanin` jekeligin ha`r ta`repleme ta`rbiyalaw ha`m balalar turmisin sho`lkemlestiriwge, balalar ja`miyetin qa`liplestiriwdin` qurali sipatinda qaraydi. Oyinnin` bul funktsiyalarinin` barlig`i bir-biri menen o`z-ara baylanisqan ha`m o`z-ara sha`rtli bolip esaplanadi.

Mektepke shekemgi jastag`i balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalaw olardin` o`miri ha`m rawajlaniwinin` ha`r qiyli salalarinda a`melge asiriladi. Bala shan`arag`inda, o`z qatarlari arasinda, ko`shede a`dep-ikramliliq ta`sirdi basinan keshiredi. Ko`binese, bul ta`sir moral` talaplarina sa`ykes bolmaydi.

Joqari a`dep-ikramli shaxsti sistemali, maqsetke bag`darlang`an tu`rde qa`liplestiriw sho`lkemlestirilgen balalar ja`ma`a`tinde ju`zege asiriladi. Mektepke shekemgi ma`kemelerde shaxsti ha`r ta`repleme rawajlandiriwg`a qaratilg`an arnawli ta`rbiya jumislari a`melge asiriladi. O`sip kiyatirg`an jas a`wladti o`mirge, miynetke tayarlaw barisinda, ta`rbiyashilar balalardi kishipeyil, haq niyetli, o`z pikirin erkin pikirley aliwg`a, Watandi su`yiwge, miynet etiwge, o`zinde adamlarg`a sipayi ha`m g`amxorliq qatnasti ja`mlewge u`yretedi.

Mektepke shekemgi jas da`wir - balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalaw ha`m rawajlandiriw ushin en` qolayli jas da`wirleri bolip tabiladi. Bul da`wirde

balanin` u`lken jastag`i adamlar ha`m o`z doslari menen qatnasiqlari ken`eyedi ha`m qayta quriladi, ha`reket tu`rleri quramali bola baslaydi, qatarlaslari menen birliktegi is-ha`reketleri payda boladi. Bala u`lken jastag`ilardin` o`mirine diqqat penen qarap, adamlar arasindag`i o`z-ara qatnasiqlardi tu`sinip ha`m ayira baslaydi. Mektepke shekemgi jastag`i balalar adamlar arasindag`i qatnasiqlardi u`yrenedi, adamlardin` o`z-ara birliktegi ha`reketi, olar boyinsha a`melge asirilatug`in nizamlardi, yag`niy o`zin tutiw normalarin aniqlay baslaydi. Mektepke shekemgi jastag`i bala eresek boliwg`a umtilip, o`z is-ha`reketlerin ja`miyetlik normalar menen o`zin tutiw qa`delerine bag`indiradi.

Mektepke shekemgi jastag`i balanin` a`dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwi o`z-ara baylanisli u`sh tarawdi o`z ishine aladi. Moral`liq bilimler, pikirler, ko`z-qaraslar, yag`niy kognitivlik bunda balalar ja`miyetlik moral`liq sananin` ha`r qiyli ta`replerin o`zlestiredi, moral`liq talaplardi, moral`liq bahalaw o`lshemlerin tu`sine baslaydi. Solay etip, moral`liq jaqtan o`zin tutiwdi o`zlestirip, bala so`z ju`zinde emes, al is ju`zinde duris moral`liq tan`lawdi a`melge asiriwg`a uqipli boladi. Moral`liq qa`diriyatlar tarawinda balada basqa adamlarg`a baylanisli moral`liq bahali ha`m moral`liq qollap-quwatlanatug`in qatnasiqlar qa`liplesedi. Ma`selen, balada insaniyliq sezimler ha`m qatnasiqlar, basqalardin` mu`ta`jliklerine ha`m qizig`iwshiliqlarina diqqat, olardi esapqa ala biliw uqibi, basqanin` qayg`isin ha`m quwanishin birge bo`lisiw, sonday-aq, normalardi buzg`an jag`dayda o`zinin` ayibin seziw qa`siyetleri qa`liplesedi.

Mektepke shekemgi jas da`wirinde balanin` a`dep-ikramliliq tu`sinikleri onin` ku`ndelikli turmisina ta`sir etedi. Real turmista bala a`dep-ikramliliq ha`reketler islewge ha`m daw-ja`njellerdi sheshiwge umtiladi, bunda do`gerektegilerge sezimtalliq, emotsionalliq bag`darlang`anin ko`rsetedi.

Sonin menen birge, moral`liq oy-pikirler ha`m bahalawlardi rawajlandiriw za`ru`r, biraq bul a`dep-ikramliliqti rawajlandiriw ushin jetkiliksiz boladi. En` baslisi-moral`din` normasi balanin` haqiyqiy o`zin tutiwin ta`rtiplestire baslaytug`in sharayat du`ziw, yag`niy a`dep-ikramliliq sanasi

menen a`dep-ikramliliq jaqtan o`zin tutiwi arasinda baylanis ornatiw bolip tabiladi. Balanin` sanasi na`tiyjeden normani orinlaw protsessine o`tedi ha`m ol normanin` o`zi ushin-aq oni saqlaydi, sebebi basqasha ha`reket ete almaydi. Al normani saqlaw bolsa mektepke shekemgi jastag`i bala ushin emotsionalliq bekkemleniw bolip ha`reket etedi.

Solay etip, mektepke shekemgi jas da`wirinde balalardin` a`dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwinin` tiykarg`i o`zgeshelikleri to`mendegiler bolip tabiladi:

-balalarda da`slepki moral`liq pikirler ha`m bahalawlar, a`dep-ikramliliq normasinin` ja`miyetlik ma`nisin tu`siniw qa`liplesedi~

-a`dep-ikramliliq tu`siniklerinin` ta`sirshen`ligi artadi~

-sanali a`dep-ikramliliq payda boladi, yag`niy balanin` o`zin tutiwi a`dep-ikramliliq normasina baylanistira baslaydi.

Balalardı a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq awızeki do’retpelerinen paydalanıw arqalı olarda o’zligin an’law, watan su’yiwshilik, qatnas ma’deniyatı ha’m pazıyletleri qa’liplestiredi, sonday-aq, aqılıy, a’dep-ikramlılıq ta’rbiya bag’darları a’melge asırıladı.

Balanın’ qanday insan bolıp jetilisiwi ta’rbiyashı, ata-ana ta’rbiyası ha’m qorshag’an ortalıq ta’sirine baylanıslı. Bala jaslıg’ınan ata-anası, ustazı, dosları, a’tiraptan’ı adamlardan ruwxıy azıq aladı, olarn’a elikleydi, ko’p n’ana u’rp-a’detlerdi, minez-qulıqtı o’zlestiredi. Bala ta’rbiyasında olardın’ jasına, ruxıyat ha’m tu’sinigine, minez-qulqına ayrıqsha a’hmiyet beriw za’ru’r.

Qullası, ta’rbiya islerin birgelikte alıp barıw barqulla unamlı na’tiyje bergen. Ta’rbiyanın’ o’z waqtında, jeterli da’rejede beriliwi shan’araqtın’, balalar baqshasının’, ma’ha’llenin’ tınıshlın’ı bolıp esaplanadı. Ha’r bir shan’araq baxıtlı bolsa, ja’miyet gu’llep jasnaydı, rawajlanadı, du’n`yag’a tanıladı. İnsan ruwxıylıg’ının’ qa’lilesiwinin’ tiykarı onın’ a’dep-ikramlılıg’ı bolıp esaplanadı.

A’dep-ikramlılıq - bul insanlar ortasından’ı hadallıq, insanparwalılıq penen baylanısqan a’dalatlı mu’na’sebetler esaplanadı. İnsannın’ belgili bir jan’dayda bolıp atırg’an waqıya ha’m ha’diyselerge erkin baha beriw, o’z mu’na’sebetin bildiriw, ja’miyetlik qatnaslar negizinde ayrım shaxs sıpatında bar boln’an insannın’ o’zin-o’zi basqara alıwı, belgili ko’z-qaraslarn’a iye bolıwı, o’z-ara qatnasıqta ja’miyetlik o’lshemlerge boysınıw onın’ ruwxıy kelbetin ko’rsetedi.

A’dep-ikramlılıq o’lshemlerdi biliw ha’m olarg’a a’mel etiw ortasındag’ı parıq insan a’debinin’ su’wretlemesi sanaladı. A’dep insannın’ a’tiraptag’ılar menen boln’an qatnası, sa’lemlesiw, u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet, ja’miyetshilik arasında ha’m shan’araqta o’zin tuta biliwden baslanadı. Mine, usınday ortalıqtag’ı a’dep-ikramlılıq qa’siyetlerdi balalarg’a sin’diriwde xalıq awızeki do’retpeleri bolg’an ertek, ha’dislerden paydalang’an halda o’tkeriw maqsetke muwapıq. Sebebi, kishi jastag’ı balalar ko’binese, ertek, ha’dis aytıp beriwdi jaqsı ko’redi. Olarg’a ertek qaharmanları, olardın’ xarakterleri, is-ha’reketleri, jaqsılıq-jamanlıq, hadal-haram, dos-dushpan kibi qa’siyetlerdin’ hasıl ma’nisin ashıp ko’rsetiwge imkan jaratadı.

Balalar baqshalarında balalardı a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq awızeki do’retpelerinen paydalanıw ushın da’stu’riy emes boln’an formaları, usıl ha’m quralların u’sh tu’rge bo’lip ko’rsetedi, olar to’mendegiler`

-g’alabalıq formada;

-toparlar tiykarında;

-jeke ta’rtipte.

G’alabalıq tu’rdegi ta’rbiyalıq isler. Bularg’a o’tmishtegi ullı danıshpanlar İmam Muhammed ibn İsmoil, al-Buxariy ha’m İmam Muhamed at-Termiziy sıyaqlılardın’ tuwıln’an ku’nlerin yaki hayt bayramlarına atap sho’lkemlestirilgen keshelerdi kiritiw mu’mkin.

Topar tiykarında o’tkiziletun’ın keshelerge, bularg’a ha’dislerdi u’yreniw menen baylanıslı do’retiwshen’lik isler ko’rik tan’lawları, jarıslar, «Quwnaqlar ha’m tapqırlar» jarısı sıyaqlı kiredi.

Jeke ta’rtipte sho’lkemlestirilgen ta’rbiyalıq islerge ha’dislerdi u’yreniw maqsetinde balalar ta’repinen erkin ra’wishte ha’disler yadlap keliw sıyaqlılar mısal bola aladı.

Bala ruwxıyatın qa’liplestirwde ta’rbiyalıq isler ushın ha’dis tan’lawda to’mendegi printciplerge a’lem qılınadı.

- Balanın’ aqılıy da’rejesi, seziwshen’ligi, ruwxıy du’n`yasına, a’meliy xızmetine sa’ykesligi;

- Balanın’ jeke imkaniyatları;

-sabaq protcessinde u’yrenilgen temanı bekkemlew, toltırıw, ta’rbiyalıq ta’sirshen’ligin arttırıw, teren’lestiriwge xızmet ete alıwı.

Alıp barıln’an islerdin’ na’tiyjeliligi og’an basshılıq etiw ha’m baqlaw menen xarakterlenedi. Basshılıq etiw bolsa pedagogikalıq sheberlikti, teren’ bilim ha’m do’retiwshilikti talap etedi. Arnawlı o’tkeriletug’ın ta’rbiyalıq islerdin’ g’alabalıq formada balalar xalqımızdın’ bay ruwxıy miyrasların u’yreniw imkaniyatına iye boladı.

## II -bap boyinsha juwmaq

Xaliq awizeki do’retpeleri a’sirler dawaminda xalqimiz ta’repinen awizdan-awizg’a o’tip kiyatirg’an do’retiwshiligi yag’niy sanaati. Onda sanaattin’ barliq belgileri ja’mlengen. Xaliq o’zinin’ a’debiy do’retpelerinde a’debiy obraz jaratiwdin’ derlik barliq usillarinan paydalang’an. Onda turmisliq sheberlikleri menen bezelgen u’lgili, ibratli ko’rinisler, su’wretlew qurallari arqali o’z sa’wleleniwin tabadi.

Balalardi a’dep-ikramliqqa ta’rbiyalawdin’ mazmuni onin’ sapasi menen ko’rinetug’inin xaliq jaqsi bilip otirg’an ha’m barliq waqiya bunday a’dep ikramliliq sapalarin o’zinin’ elin su’yiwshiligi xalqina muhabbati, doslig’i menen bayitip kelgen. Xaliq pedagogikasi bul xaliqtin’ awiz-eki tu’rde jaratqan qosiq, da’stan, naqil-maqallari, u’rp-a’detler, da’stu’rler jiyindisi bolip bular ha’zirgi jaslardi ta’rbiyalawda u’lken a’hmiyetke iye. Xaliq awiz-eki do’retpesi erte zamanlardan beri xaliq pedagogikasinda birden bir ta’rbiyaliq da’stu’rlerdi o’zine ja’mlep alg’an qu’diretli qural bolip keldi.

Balalarg’a fol`klorliq shig’armalar u’lken quwanish ha’m la’zzet bag’ishlaydi, olarda qosiq, taqmaq, ertek, jumbaq, naqil-maqal, jan’iltpash ha’m sanamaqlardi aytip u’yreniw talabin oyatadi. Sonday-aq xaliq do’retpeleri oqiwshilardin’ aqiliy ha’m a’dep-ikramliliq sipatlarin qa’liplestiredi ha’m rawajlandiradi. A’yyemgi da’wirlerden-aq shig’is xaliqlarinda usinin’ biri qaraqalpaq xalqinda a’dep-ikramliliq ha’m adamgershilik ma’seleleri ta’rbiyada basli orin iyelep, xaliq balalarg’a a’deplilik uyretiwde tiykarinan o’zlerinin’ turmisliq ta’jriybelerine su’yenip otirg’an.

Mektepke shekemgi jas da`wirinde balanin` a`dep-ikramliliq tu`sinikleri onin` ku`ndelikli turmisina ta`sir etedi. Real turmista bala a`dep-ikramliliq ha`reketler islewge ha`m daw-ja`njellerdi sheshiwge umtiladi, bunda do`gerektegilerge sezimtalliq, emotsionalliq bag`darlang`anin ko`rsetedi.

## JUWMAQLAW

Qaraqalpaq xalqi basqa xaliqlar siyaqli o’zinin’ bay o’tmishine, fol`klorina ha’m u’rp-a’det ta’lim-ta’rbiyaliq da’stu’rlerine iye. Mine usinday ruwxiy miyraslarimizdin’ biri bolg’an xaliq awizeki do’retiwshiligin teren’nen u’yreniw ha’m oni ha’zirgi turmisimizda paydalaniw za’ru’rlikleri ju’zege keldi.

Xaliq awizeki shig’armalarinda erte zamanlardan berli o’mir su’rip kiyatirg’an naqil-maqallarda xalqimizdin’ danishpanliq oylari, tapqir pikirleri tek jasi kishi g’ana emes, al jasi u’lken adamlar ushin da beretug’in aqillari ja’mlesken, ko’pshilik jag’dayda o’mirge duris sheshimili juwmaq berilgen. Sonliqtan da naqil-maqallar balalardin’ keleshegine jol siltewshi jollamaday aqilshi bolip tabiladi. Naqil-maqal oqiw, ta’lim-ta’rbiya protsessinde balanin’ bolsin, ata-ananin’ yamasa uliwma jasi u’lken adamlardin’ bolsin tiykarg’i o’tkir, ushqir oyli na’siyat qurali esaplanadi.

Tu’rkiy xaliqlardin’ du’n`ya ma’deniyatinin’ g’a’ziynesine, sonin’ ishinde adam ta’rbiyasi,pedagogikaliq ko’zqaraslar qorina qosqan u’les ulli. Ha’r bir ja’miyettin’ rawajlaniw da’rejesi, qa’dir-qimbati,ulig’arlig’i onin’ du’n`ya qarasinin’ baylig’i, teren’ligi ha’m oziqlig’i menen tig’iz baylanisli. Tu’rkiy xaliqlar tariyx saxnasinda o’z tili, ma’deniyati menen payda bolg’an da’wirden baslap du’n`ya tsivilizatsiyasinin’ rawajlaniw protsessinde, aldin’g’i ideyalardi alg’a su’riwde ju’da’ u’lken a’himiyetke iye bolip kelmekte.

Bul bag’darda Qaraqalpaqstanda, onin’ ja’miyetlik ilimlerinde, a’sirese, pedagokika tarawinda son’g’i jillari o’rnekli isler a’melge asirilmaqta. Bul islerdin’ baslamasi O’zbekistan Ilimler Akademiyasinin’ xabarshi-ag’zasi, filosofiya ilimlerinin’ doktori, professor J. Bazarbaev ha’m dotsent K. Da’wletovlar ta’repinen «A’deptaniw» sabaqlig’inin’ do’retiliwi boldi. Bul xaliq da’stu’rlerine, sonin’ ishinde tu’rkiy xaliqlardin’ a’sirler sinag’inan o’tken danaliqlarina tiykarlang’an miynet uliwma Orayliq Aziya ja’miyetshiligi ta’repinen joqari qanaatlaniwshiliq penen qabillandi. Bul miynet-bu’gingi

ku'nnin' o'mir sabaqlig'i bolg'p tabiladi. Onda totalitarliq du'zim da'wirinde eskirilmegen, ayirim jag'daylarda ziyanli eskiliktin' qaldig' dep sanalg'an iyman, insap, na'psi, qanaat, ta'wbe, xadalliq, xaram, sabirliliq, saqiyliq siyaqli ha'm basqa da moralliq kategoriyalar ha'rta'repleme analizlenip, tu'sindirilip, jas a'wladtin' itibarina usinildi.

Al pedagogika ilimlerinin' doktori, professor O.A'lewovtin' «Qaraqalpaqstanda ta'lim-ta'rbiyaliq oylardin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi» «qaraqalpaq xalqinin' pedagogikasi tariyxinan» atli miyneti respublikamizdin' pedagogika iliminin' turmisinda u'lken jan'aliq, bul bag'darda endigi jag'inda alip barilatug'in jumislarg'a bahali bag'darlama boldi. Bul jumista tariyxiy-arxeologiyaliq, etnopedagogikaliq ja'ne arxivlik mag'liwmatlar tiykarinda, sonday-aq Orayliq Aziya xaliqlarinin', sonin' ishinde qaraqalpaq xalqinin' alimlari ha'm shayirlarinin' ko'zqaraslari negizinde Qaraqalpaqstanda a'yyemgi da'wirden baslap XX-a'sirdin' ortasina shekemgi ta'lim-ta'rbiyaliq oy-pikirlerdin' qa'liplesiwi ha'm o'zine ta'n belgileri menen rawajlaniwi qaraqalpaq pedagogikasinin' tariyxinda birinshi ma'rtebe ken' ko'lemde ha'm bay materiallarg'a su'yenip izertlengen.

Biz xaliq pedagogikasinin' tiykarg'i printsplerin ha'm kategoriyalarin, uliwma mazmunin ha'm o'zgesheliklerin izertlewge arnalg'an bul jumisimizda joqarida ati atalg'an alimlarimizdin', uliwma O'zbekstan alimlarinin' bul bag'dardag'i miynetlerine su'yendik.

Izertlew isinin' kiris bo'liminde g'a'rezsizlikten son'g'i da'wirde a'wladlarimizdan qalg'an bay miyraslar tiykarinda balalardin' sapasinda milliy ideologiya tu'siniklerin qa'liplestiriw maqsetinde Respublikamiz Prezidenti ta'repinen alg'a qoyilg'an waziypalar, parmanlar, nizamlar ha'm basqa hu'jjetler ha'm a'meliy isler haqqinda toqtalg'an xaliq pedegogikasi miyraslarin o'zinde ja'mlegen.

Tiykarg'i bo'limde balalardi ma'mleketimiz rawajlaniwin ta'miynlewde tiykarg'i ta'rbiya bolg'an balalardin' a'dep-ikramliliq rawajlaniw da'rejesin

joqari ko’teriwde ertedegi xaliq pedagogikasi materiallarin ken’ qollaniw jollari bayan etilgen.

Juwmaqlap aytqanda pitkeriw qa’nigelik jumisinda balalardi ha’r ta’repleme rawajlandiriwda ertedegi xaliq pedagogikasinin’ jas a’wladtin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyalang’anliq, o’zinin’ a’tirapindag’i adamlarg’a ha’m ta’biyatqa qatnasin unamli ta’rbiyalawda bu’gingi ku’ndegi a’hmiyeti ken’ aship ko’rsetilgen.

## Paydalang’an a’debiyatlar


1. O`zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. T.”O`zbekiston”, 2003.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ Konstitutsiyasi. T.”Qaraqalpaqstan”, 2003.
3. O`zbekiston Respublikasining «Ta`lim to`g`risida» gi Qonuni. // Barkamol avlod –O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T. Sharq.1997.
4. O`zbekiston Respublikasining Kadrlar tayyorlash Milliy dasturi. //Barkamol avlod –O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T. Sharq.1997.
5. Karimov I.A. Tinchlik va xavfsizlik o`z kuch-qudratimiz, xamjixatligimiz va qat`iy irodamizga bog`lik. T.: O`zbekiston, 2004.
6. Islam Karimov. O’zbekstan XXI a’sir bosag’asinda qa’wipsizlikke taxdid, barqorarlik sha’rtleri ha’m rawajlaniw kepillikleri Tashkent – 1995y.
7. Islam Karimov. Tariyxiy xotirasiz kelajak yo’q. Tashkent - 1998j.
8. Islam Karimov. Joqari ma’nawiyat-jen’ilmes ku’sh. T.:«Ma`naviyat», 2008j.
9. Q.Ayimbetov. Xaliq danalig’i. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1988j.
10. Axloq-odobga oid hadis namunalari. Toshkent, “Fan”, 1990y.
11. Alewov O’. Qaraqalpaqstanda ta’lim-ta’rbiyaliq oylardin’ qa’liplesiwi ha’m rawajlaniwi. No’kis-1993j.
12. P.Abdimuratov. Qaraqalpaq xalqinin’ salt da’stu’rleri ha’m onin’ jaslar ta’rbiyasindag’i a’hmieti. N.,«Bilim», 1996 j.
13. J.Bazarbaev, Q.Dawletova. A’deptaniw./Mug’a’llimler ushin qollanba No’kis, «Bilim», 1992 j.
14. Abu Rayxan Beruniy. A’iyemgi xalıqlardan qaln’an estelikler. Toshkent, 1968.
15. Bolajon. Tayanch dasturi. Tuzuvchilar: S.S.Mirdjalilova, M.Sh.Rasuleva va boshq. – T. -2010.
16. Buriev O. Oila va yangi ana’analar. Tashkent, ”O’qituvchi”, 1988.
17. M.Gor`kiy. Tan’lamali sgig’armalari. No’kis – 1998 j.
18. M.Inoyatova. Oila ijod va ma`naviyat. Tashkent- 2000y.
19. A.Zunnunov. O’rta Osiyoda pedagogik fikr taraqqiyotidan lavhalar. T.-2000

20. Jumasheva G.X. Mektepke shekemgi ma’kemelerde oyin-zawiq erteliklerdi sho’lkemlestiriw. (metodikaliq qollanba). No’kis-2009.
21. Qaraqalpaq xalqinin’ etnopedagogikasi./ Maqalalar toplami. N.: Bilim,1995.
22. Ulfat Mahkamova. Axloq - odob saboqlari T., «Fan»,1994 y.
23. O.Musurmanova. O’quvchilar ma`naviy madaniyatini shakllantirish. T-1993.
24. Q.Maqsetov, A.Tajimuratov. Qaraqalpaq fol`klori. No’kis-1979.
25. T.Niyetullaev. Qaraqalpaq xaliq naqil-maqallari. N.,«Bilim», 1995j.
26. A.Pazilov. Milliy ta’rbiya haqqinda oylar. No’kis-2000
27. A.Pazilov. A’dep-ikram ta’rbiyasi. No’kis-2003 j
28. U.Seytjanova. Joqari adamgershilik ruwxiy qa’diriyatimiz. No’kis – 1998.
29. U.Seytjanova Ertedegi tu’rk xaliq pedagogikasindag’i a’dep-ikramliliq ta’rbiyasi. No’kis 1999 j.
30. Axmed Yassaviy. Devani hikmat. T., «Gafur G’ulam», 1992 y.
31. J.Fozilov. O’quvchi ma`naviyatini shakllantirish. Tashkent-2000.
32. X.Shayxova, Q.Nazarov. Umuminsoniy qadriyatlar va m`anavi kamolat. T.-1992.
33. P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. Toshkent –1995.
34. http://ziyonet.uz/
35. http://pedagog.uz/
36. http://edu.uz/
37. http://lib.km.ru/

*Qosimsha*

## *Tema: «Ga'rezsizlik ku'ni»*

(mektepke tayarlaw topari balalari ushin kewil ashar sabaq)

**Maqseti:** Balalarda «Ga'rezsizlik ku'ni» xaliqliq bayram haqqinda tu'siniklerin jetilistiriw.

**Waziypasi**: a) Xaliq erkinligi ha'm g'a'rezsizligi degenimiz ne, adam huqiqinin' erkinligi haqqinda tu'siniklerin ken'eytiw ha'm teren'lestiriw.

b) Bul bayramnin' a'hmiyetin ha'm ma'nisin aship beriw.

v) O'z uqip ha'm talantlarin ko'rsetiwge aktiv qatnasiw tilegin oyatiw.

g) Balalarda o'z xalqina bolg'an su'yispenshiligin arttiriw.

**Metod ha'm usillari:** Gu'rrin'lesiw, qosiqlar, taqmaqlar aytiw, ayaq oyinlar oynaw.

**Oyin qag'iydasi:**

Kewil ashar sabaq KVN tu'rinde o'tkerilip, balalar eki toparg'a bo'linedi, olarg'a «Tapqirlar» ha'm «Ziyrekler» komandasi dep at qoyiladi. Qaysi komanda sorawlarg'a ko'p ha'm toliq juwap berse ha'm ko'p fishka toplasa sol komanda jen'impaz boladi. Oyin sho'p jasiriw arqali baslanadi. Balalarg'a komanda kapitanin tan'lap aliwg'a, «Ga'rezsizlik» bayrami haqqinda nelerdi biletug'inlig'in aniqlaw maqsetinde o'tkeriledi.

I-basqish**:** Bizler O'zbekstan g'a'rezsizligi haqqinda nelerdi bilemiz? (Ha'r komanda balalari o'zlerinin' bilgen taqmaqlarin aytadi. Qaysi komanda ko'p taqmaq aytsa, sol komanda ko'birek fishka toplaydi.)

II-basqish**:** Soraw-juwaplar o'tkeriledi.

-O'zbekstan qanday ma'mleket?

-Ne ushin O'zbekstandi g'a'rezsiz ma'mleket dep ataydi?

-O'zbekstan o'z g'a'rezsizligin alg'an qaysi ku'n, ne ushin bul ku'ndi bayram sipatinda o'tkeredi?

-Bul bayram sizlerge unayma?

-Sizler bunnan basqa qanday xaliqliq bayramlardi bilesiz?

(Sorawlarg'a ko'p ha'm toliq juwap bergen komandag'a g' fishka, al ha'lsiz ha'm qisqa juwap bergen komandag'a a' fishka beriledi.)

III-basqish. Xaliq do'retpeleri bolg'an naqil-maqal, jumbaq, jan'iltpashlardi qollaniw.

A) Watan, dosliq haqqinda naqillar

B) Aynala a'tirap haqqinda jumbaqlar.

V) Jan'iltpashlar.

IV-basqish. Balalar o'zlerinin' uqip ha'm talaplarin ko'rsetiwi tiyis. «Kim shaqqan» oyinin sho'lkemlestiriw.

V-basqish. Watan, el, awizbirshilik, dosliq, ana haqqinda muzikali ayaq-oyinlar ha'm qosiqlar aytiw.